O’zbekstan Respublikasi’ Xali’q Bilimlendiriw Ministrligi
A’jiniyaz ati’ndag’i’ No’kis ma’mleketlik pedagogikali’q instituti’

# *MAGISTRATURA BO’LIMI*

«Baslawi’sh ta’lim metodikasi’» kafedrasi’.

**IXLASOV ISLAM USERBAEVICH.**

«U’shinshi klass sabaqli’qlari’ tekstlerinin’ baylani’s kommunikaciyalari’n jetilistiriw ma’seleleri».

5A141602-«Baslawi’sh ta’lim» magistr bilim
da’rejesin ali’w ushi’n wori’nlang’an.

# *MAGISTRLIK DISSERTACIYA*

Magistratura bo’lim basli’g’i’: f.i.k. B. Atashov.
Kafedra basli’g’i’: f. i. d. professor M. K. Ayi’mbetov.
Ilimiy basshi’: f. i. d. professor M. K. Ayi’mbetov.

No’kis-2015-ji’l

# Mazmuni’

Jumi’sti’n’ uli’wma si’patlamasi’ mashqalani’n’ aktualli’g’i……………………..…...5
Izertlewdin’ maqseti ha’m wazi’ypalari’…………………………………………......5
Izertlewdin’ obekti ha’m predmeti……………………………………...…….5
Izertlewdin’ metodikasi’ ha’m materiyallari’……………………………………...…5
Izertlewdin’ jan’ali’g’i’…………………………………………………………….6
Izertlew na’tiyjelerinin’ a’meliy a’hmiyeti ha’m qollani’li’wi’………………………6
Dissertaciyani’n’ du’zilisi ha’m qurami’……………………………………………..6
Wori’nlang’an jumi’sti’n’ tiykarg’i’ na’tiyjeleri……………………………………..6
Na’tiyje ha’m usi’ni’slardi’n’ qi’sqasha uli’wmalasti’ri’lg’an ko’rinisi…………….7

**I BAB**

**Jan’a a’wlad sabaqlari’ndagi’ baylani’s kommunikaciyalari’n jetilistiriw ma’seleleri.**

1.0 Da’slepki yeskertiwler……………………………………………………….8
1.1Elektron sabaqli’qlardi’n’ bilimlendiriw sistemasi’na yendiriw ma’seleleri………………………………………………………………….…9
1.2 Do’retiwshilik wortali’qti’ jetilistiriwde baylani’s kommunikaciyalari’ni’n’ worni’…………………………………………………………………….…12
1.3 Baylani’s kommunikaciyalari’ processin jetilistiriwde belgiler sistemasi’ni’n’ worni’……………………………………………………………………..……15
1.4 Krizislik da’wirdegi baylani’s kommunikaciyali’q processinin’ ayi’ri’qshali’qlari’……………………………………………………………...20
1.5 Baslawi’sh bilimlendiriw sabaqli’qlari’ tekstlerinin’ informaciyali’q bazasi’n du’ziw ma’seleleri………………………………………………………...………27
1.6 Jan’a a’wlad sabaqli’qlari’ni’n’ jarati’li’wlari’ haqqi’nda……………………30
1.7 Jan’a a’wlad sabaqli’qlardi’n’ dizayni’ haqqi’nda………………………...…32
1.8 Baslawi’sh bilimlendiriw sabaqli’qlari’ndag’i’ baylani’s kommunikaciyalari’ni’n’ a’melge asi’ri’li’w ma’seleleri……………………………………………………34

1.9 Baslawi'sh bilimlendiriw sabaqli'qlari'ni'n' bilimlendiriw ja'ma'a'tindegi worni'…..………………………………………………………………………37
1.10 Ali'ng'an na'tiyjeler ha'm usi'ni'slar………………………………………41

## II- BAB

## U'shinshi klass sabaqli'qlari' tekstlerinin' kvantitativ modeli.

2.0 Da'slepki yeskertiwler…………………………………………………...…43
2.1Kvantitativ modellestiriwdin' tiykarg'i' wo'zgeshelikleri……………………….44
2.2 Kvantitativ modellestiriwdin' qag'i'ydalari'…………………………………….45
2.3 U'shinshi klass qaraqalpaq tili sabaqli'g'i'ni'n' leksikali'q-statistikali'q analizi……………………………………………………………………………..47
2.4 U'shinshi klass sabaqli'qlari' tekstlerindegi so'z formalari'ni'n' wortasha qaytalani'w jiyilikeri…………………………………………………………...…50
2.5 Baslawi'sh bilimlendiriw sabaqli'qlari' tekstlerindegi so'z formalari'ni'n' statistikali'q qollani'w wo'zgeshelikleri…………………………………..………54
2.6 U'shinshi klass sabaqli'qlari' tekstlerindegi sali'sti'rmali' jiyilikler……………56
2.7 U'shinshi klass matematika sabaqli'g'i'ndag'i' tekstlerde so'z shaqaplari'ni'n' qollani'w wozgeshelikleri…………………………………………………………...59
2.8 U'shinshi klass matematika sabaqli'g'i' tekstlerindegi so'z formalari'ni'n' jiyilikleri ha'm procenti……………………………………………………..…61

## III-BAB

## U'shinshi klass sabaqli'qlari'n jetilistiriwdi'n' bazi' bir ma'seleleri.

3.0 Daslepki yeskertiwler…………………………………………………………63
3.1 Milliy da'stu'rdin' strategiyali'q bag'darlari' haqqi'ndagi' bazi' bir ma'seleler…………………………………………………………..………..66
3.2 Zamanago'y woqi'ti'w texnologiyalari' talaplari'na say jan'a a'wlad sabaqli'qlari'n du'ziw ma'seleleri…………………………………………..…69
3.3 Baslawi'sh klass sabaqli'qlari'ni'n' tekstlerin izertlewlerdin' kvantitativlik metodlari'…………………………………………………………………………72
3.4 Janr wo'zgesheliklerin yesapqa ali'w ma'seleleri………………………………73

3.5 Illyustrativlik ko’rinisler haqqi’nda………………………………………...……77
Juwmaqlaw……………………………………………………………………………..78
Paydalang’an a’debiyatlar dizimi……………………………………………………79

**Jumi’sti’n’ uli’wma si’patlamasi’ mashqalani’n’ aktualli’g’i’.**

Baslawi’sh klass sabaqli’qlari’ni’n’ tekstleri boyi’nsha baylani’s kommunikaciyalari’ni’n’ jag’daylari’na ani’qli’qlar menen du’zetiwdi kiritiw arqali’ woni’ jetilistirip bari’w bilimlendiriw turmi’si’nda wori’n alg’an aktual ma’sele boli’p qalmaqta. Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi u’lgeriwshiliktin’ yerten’gi ku’ndegi turmi’si’ a’yne sa’tli tu’rdegi a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an woqi’wshi’lar ja’ma’a’ti menen sabaqli’qlardi’n’ tekstleri arasi’ndag’i’ baylani’s kommunikaciyalari’na tikkeley baylni’sli’ boli’p woti’r. Al sa’tli tu’rdegi baylani’si’wshi’ kommunikaciyalardi’ a’melge asi’ri’wlari’ ushi’n da’slep jan’a a’wladtag’i’ sabaqli’qlar tekstlerinin’ informaciyali’q bazalari’n jarati’wi’mi’z arqali’ woni’ jetilistirip bari’wi’mi’z za’ru’r.

**Izertlewdin’ maqseti ha’m wazi’ypalari’.**

Ha’zirgi zaman til bilimindegi kvantitativlik ha’m matematikali’q modellestiriw metodlari’ ja’rdeminde 3-klass sabaqli’g’ni’n’ tekstlerin bir tutas leksikali’q morfologiyali’q indeksaciya jasap, woni’n’ alfavitlik jiyilik so’zligin du’ziw boyi’nsha izleniwleri izertlewdin’ tiykarg’i’ maqseti ha’m wazi’ypalari’ boli’p yesaplanadi’.

**Izertlewdin’ obekti ha’m predmeti.**

Dissartaciyani’n’ izertlew obekti si’pati’nda u’shinshi klass qaraqalpaq tili, u’shinshi klass matematika, u’shinshi klass ta’biyattani’w sabaqli’qlari’ni’n’ tekstleri lingvistikali’q obekt si’pati’nda qabi’l yetildi.

Kvantitativlik lingvistika ha’m baslawi’sh klasslarda ana tilin woqi’ti’w metodikasi’ birgelesip, izertlew jumi’slari’ni’n’ predmeti xi’zmetlerin atqaradi’.

**Izertlewdin’ metodikasi’ ha’m materiyallari’.**

Izertlewdin’ tiykarg’i’ metodikasi’ tekstlerdi kvantitativlik analiz usi’li’nda ali’p bari’ladi’. Bul metodikalar indoevropali’q tillerde ta’jiriybeden tabi’sli’ wo’tip uli’wma til biliminde ta’n ali’ng’an. Sonday-aq bul metodikalar tu’rkiy tillerde de paydalani’p til biliminde a’hmiyetli na’tiyjelerge yerisilgen.

Atap aytqanda qaraqalpaq , qazaq, wo’zbek, tu’rk qi’rg’i’z tillerinde joqari’da atalg’an metodlar ken’ paydalani’p, turkologiyada wo’zinin’ salmaqli’ worni’n

iyeleydi. U’shinshi klass ana tili, u’shinshi klass matematika, u’shinshi klass ta’biyattani’w sabaqli’qlari’ni’n’ tekstlerin izertlewdin’ tiykarg’i’ materiyallari’ boli’p xi’zmet qi’ldi’.

**Izertlewdin’ jan’ali’g’i’**

Birinshi ma’rte u’shinshi klass ana tili, u’shinshi klass matematika, u’shinshi klass ta’biyattani’w sabaqli’qlari’ni’n’ tekstleri tutas leksikali’q-morfologiyali’q tallawlari’ a’melge asi’ri’ldi’. Soni’ menen bir qatarda tekstleri tutas leksikali’q morfologiyali’q indekciyasi’ islendi.

Bul tekstlerdin’ jan’a standart leksikografiyali’q bag’darlamasi’ tiykari’nda alfavitlik jiylikli so’zligi du’zildi.

Baslawi’sh bilimlendiriw sabaqli’qlari’ni’n’ tekstlerin kvantitativlik modeler arqali’ izertlew mu’mkinshilikleri ju’zege keldi.

**Izertlew na’tiyjelerinin’ a’meliy a’hmiyeti ha’m qollani’li’wi’.**

Baslawi’sh bilimlendiriw sabaqli’qlari’ menen woqi’wshi’lar ja’ma’a’ti arasi’ndag’i’ baylani’s kommunikaciyalari’n jetilistiriw arqali’ u’lgeriwshiliklerdi joqari’lati’w:

-Woqi’w processinin’ sapasi’n jetilistiriwde

-Woqi’ti’wdi’n’ tiyimli metodlari’n jarati’wda

-Jan’a a’wlad sabaqlari’n rawajlandi’ri’p bari’wda

-Woqi’w so’zliklerin du’ziw siyaqli’ jumi’slarda a’hmiyetke iye.

**Dissertaciyani’n’ du’zilisi ha’m qurami’.**

Dissertaciyani’n’ du’zilisi tiykari’nan alg’anda kirisiw worni’ndag’i’ jumi’sti’n’ uli’wma si’patlamasi’, u’sh bab, juwmaqlaw ha’m paydalang’an a’debiyatlar diziminen ibarat.

**Wori’nlang’an jumi’sti’n’ tiykarg’i’ na’tiyjeleri.**

-Birinshiden elektron sabaqli’qlarg’a tiykar sala alatug’i’n tekstlerdi jarati’w mu’mkinshilikleri a’melge asi’ri’ladi’;

-Yekinshiden, u’shinshi klass qaraqalpaq tili u’shinshi klass matematika sabaqli’g’i’, u’shinshi klass ta’biyattani’w sabaqli’g’i’ tekstlerinin’ kvantitativlik modeli jarati’ldi’;

-U’shinshiden izertlenilip ati’rg’an sabaqli’qlardi’n’ tekstlerine kvantitativlik analizlew jumi’slari’ a’melge asi’ri’ldi’;

-To’rtinshiden baslawi’sh bilimlendiriw sabaqli’qlari’ menen woqi’wshi’lar ja’ma’a’ti arasi’ndag’i’ baylani’s kommunikaciyalari’n jetilistiriw boyi’nsha usi’ni’slar berildi.

**Na’tiyje ha’m usi’ni’slardi’n’ qi’sqasha uli’wmalasti’ri’lg’an ko’rinisi.**

Da’wir talaplari’na juwap beriwshi jan’a a’wladtag’i’ sabaqli’qlardi’ jarati’w ha’m woni’ u’zliksiz tu’rde jetilistirip bari’w, xali’q bilimlendiriw dizimindegi wori’nlang’an, kerek bolsa wo’z sheshimin ku’tip turg’an a’hmiyetli ma’selelerdin’ biri boli’p qalmaqta. A’lbette bul wori’nda ha’zirgi bilimlendiriw sabaqli’qlari’n du’nya ju’zlik standartlarg’a toli’g’i’ menen juwap beriw za’ru’rliklerin de na’zerde shette qaldi’rmawi’mi’z za’ru’r. A’sirese jigirma ji’ldan keyin ja’miyetshiligimiz elektron sabaqli’qlarg’a toli’g’i’ menen wo’tetug’i’nli’gi’na gu’man joq. Sol sebepli yerten’gi ku’ndegi ju’zege keletu’g’i’n elektron sabaqli’qlari’na wo’tiwdin’ tayarli’q jumi’slari’n a’melge asi’ri’wdi’n’ is-ilajlari’n ko’riwimizdin’ za’ru’r yekenligi, turmi’si’mi’zdi’n’ wo’zi ko’rsetip woti’r.

## I-BAB Jan’a a’wlad sabaqli’qlari’ndag’i’ baylani’s kommunikaciyalari’n jetilistiriw ma’seleleri.

### 1.0 Da’slepki yeskertiwler:

Jan’a a’wlad sabaqli’qlari’ni’n’ forma ha’m mazmuni’n woq’wshi’lardi’n’ yerkin pikirlew ko’nlikpeleri menen woni’n’ rawajlani’w jollari’na sa’ykes du’ziw ha’zirgi bilimlendiriw turmi’si’nda wori’n alg’an a’hmiyetli wazi’ypalari’ni’n’ biri boli’p qalmaqta.

Yerten’gi ku’ndegi jan’a a’wladtag’i’ sabaqli’qlardi’n’ forma ha’m mazmuni’ qanday da’rejede boladi’?, yamasa bul sabaqli’qlardi’n’ ji’ldan ji’lg’a jetilisip, rawajlani’p bari’wlari’ qaray bag’dar ali’p ati’rg’anli’qlari’n an’lawi’mi’z ha’m wog’an i’layi’qli’ baha beriwimiz, ha’zirgi ku’ndegi wo’z sheshimin ku’tip woti’rg’an a’hmiyetli ma’selelerdin’ biri boli’p woti’r.

Yegerde ali’mlari’mi’zdi’n’ bergen boljawlari’na na’zer salatug’i’n bolsaq, wonda jaqi’n 30 yamasa 40 ji’ldan keyin kitap baspasi’ni’n’ saplasti’ri’li’p, woni’n’ worni’n kompyuterler basatug’i’nli’g’i’n yesaplasaq, wonda xali’q bilimlendiriw tarawi’nda da tradicion sabaqli’qlardi’n’ worni’n toli’g’i’ menen elektron sabaqli’qlar menen almasatug’i’nli’g’i’ so’zsiz.

Ha’zirgi ku’nde woti’z yamasa qi’rq ji’ldan keyin kitap baspasi’ni’n’ saplasti’ri’li’p, woni’n’ worni’na kompyuter texnologiyali’q sawatlandi’ri’w diziminin’ ju’zege keliwleri haqi’ndag’i’ boljawlari’ wo’zini’n’ tasti’yg’i’n tawi’p ati’r. Demek yerten’gi ku’ndegi jan’a a’wladtag’i’ sabaqli’qlar elektron sabaqli’qlarg’a aylanatug’i’nli’g’i’ so’zsiz. Bul wori’nda ha’zirgi ku’nde qollani’li’p ju’rgen jan’a a’wladtag’i’ sabaqli’qlar menen yerten’gi ku’ndegi turmi’si’mi’zg’a yenip keletug’i’n sabaqli’qlarg’a izertlew beriwimiz, xali’q bilimlendiriw tarawi’nda wo’z sheshimin ku’tip turg’an worayli’q ma’sele yekenligine gu’man joq.

## 1.1.Elektron sabaqli'qlardi'n' bilimlendiriw sistemasi'na yendiriliw ma'seleleri.

-Yerten'gi ku'ndegi xali'q bilimlendiriw tarawi'ndag'i' sabaqli'qlardi'n' forma ha'm mazmuni' boyi'nsha elektron sabaqli'qlarg'a aylanatug'i'nli'g'i'na gu'ma'n joq siyaqli'. Bul ma'selenin', yag'ni'y elektron sabaqli'qlardi'n' ju'zege keliwlerine tiykari'nan alg'anda u'sh poziciya boyi'nsha bahalasa boladi'.

-Birinshiden, kompyuterlerdin' bahasi'ni'n' ji'ldan-ji'lg'a arzanlawi';

-Yekinshiden, kompyuterlerge jumsalatug'i'n energiyani'n' keskin kemeyiwi;

-U'shinshiden, ha'zirgi zaman adamlari'ni'n' kompyuterxanli'q sawatli'qlarg'a umti'li'wi' ha'm wog'an beyimlesiwi.

Joqari'dag'i' ati' atalg'an tiykarlardi'n' birinshisine toqtap wo'teyik.

Wo'tken a'sirdin' jetpisinshi ha'm sekseninshi ji'llari'nda bir dana kalkulyatordi'n' wortasha bahasi' seksen rubl turatug'i'n yedi. Sol da'wirdegi ilim izertlew institutlari' menen joqarg'i' woqi'w worni'ndag'i' labaratoriyalardi'n' ayli'g'i' seksen rubldi quraytug'i'n yedi. Demek bul lawazi'mdag'i' x'i'zmetkerlerdin' bir dana kalkulyatordi' sati'p ali'wlari' ushi'n, wolar ushi'n qanshelli qi'yi'n ma'sele yekenligin an'law qi'yi'n yemes. Al aradan jigirma ji'l sa'l aslami'raq waqi't wo'tkennen keyin bolsa, kalkulyatordi'n' wortasha bahasi' derlik seksen yeseden ko'birek arzanlap ketti. Atap aytqanda woni'n' wortasha bahasi' bir AQSH dollari' da'rejesine tu'sip ketti. Bul wori'nda jekke kompyuterdin' bahasi'nda ji'ldan ji'lg'a arzanlani'p barati'rg'anli'g'i'n ko'remiz. Usi'nday pa't boyi'nsha arzanlap barati'rg'an kompyuterdin' bahasi' jaqi'n jigirma yamasa woti'z ji'ldan keyin 5yamasa 10 AQSH dollari' mug'dari'nda arzanlap qalatug'i'nli'g'i' mu'mkin. A'lbette bunday da'rejedegi arzanlani'wlar jaqi'n keleshekte ha'r bir woqi'wshi'da jeke kompyuterge iye boli'wlari' ku'tiledi. Demek wolardi'n' jeke kompyuterlerge iye boli'wlari', xali'q bilimlendiriw diziminin' toli'g'i' menen elektron sabaqli'qlarg'a wo'tetug'i'nli'gi'na tiykar salatu'gi'nli'gi' so'zsiz.Yegerde a'tirapi'mi'zdag'i' boli'p ati'rg'an wo'zgerislerge na'zer salatu'gi'n bolsaq, wonda kitapxana so'zinin' wo'zi axborot ha'm resurs

worayi’ degen atama menen almasti’ri’lg’anli’g’i’ni’n’ wo’zi jamiyetimizdin’ elektron kitaplar menen sabaqli’qlarg’a wo’tip ati’rg’anli’qlari’ni’n’ belgisi boli’p yesaplanadi’. Biraq bunday tu’rdegi wo’zgerisler toli’g’i’ menen jigirma yamasa woti’z ji’ldi’n’ wo’zinde a’melge asatug’i’nli’g’i’na gu’man joq.

Yendi kompyuterlerge jumsalatug’i’n elektro energiyani’n’ da bahasi’na toqtap wo’teyik. Haqi’yqati’nda da kompyuterler elektro energiyani’ ko’p mug’darda talap yetetug’i’nli’g’i’ bizlerge ma’lim, Basqasha so’z benen aytqanda ha’r bir woqi’wshi’ni’n’ jeke kompyuterlerine jumsalatug’i’n elektro energiyani’ qayaqtan taba alami’z degen sawaldi’n’ payda boli’wi’da ta’biyg’i’y. A’lbette bul wori’nda jaqi’n 20-30 ji’ldan keyin ilimnin’ wo’zi ha’r bir woqi’wshi’ni’n’ jeke kompyuterinde jetkilikli mug’darda elektro energiyani’ tawi’p bere aladi’. Bunday energiyani’ kompyuterlerdin’ islew sistemasi’n jetilistiriw na’tiyjeleri arqali’ a’melge asi’radi’.

Atap wo’tetug’i’n bolsaq jaqi’n 20-30 ji’ldan keyin kompyuterlerdin’ jan’a a’wladi’ bir wortasha kitap ko’leminde boli’p, woni’n’ razmeri bir neshe yese kishireyedi. Kompyuterdin’ massasi’ qanshelli da’rejede kishi bolg’an sayi’n wog’an jumsalatug’i’n elektro energiyada sonsha yese kem jumsaladi’. Ha’zirgi saatlarg’a yamasa mobil telefonlari’ndag’i’ batareyalar siyaqli’ elektro dereklikler ju’zege keledi. Bunday tu’rdegi batareyalarg’a iye bolg’an minikompyuterler zaryad beriw arqali’da elektro energiyalardi’ toplaw mu’mkinshiliklerine de iye boladi’. Bul demek so’z jaqi’n 20-30 ji’llardan keyin kompyuterlerge jumsalatug’i’n elektro energiyalar haqqi’ndag’i’ ma’sele sheshiledi degen so’zdi an’latadi’.

Al u’shinshi poziciyag’a keletug’i’n bolsaq, yag’ni’y ha’zirgi baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n’ psixologiyali’q portretine na’zer salatug’i’n bolsaq, wonda bul jastan baslap-aq wolardi’n’ kompyuter texnologiyalari’na tez biyimlesiwshi ha’m qi’zi’g’i’wshi’ jas wo’spirimlerdi ko’remiz. Wolardi’n’ bunday texnikalardi’ tez wo’zlestiriwi, qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’ ha’m psixologiyali’q ta’repten operativ tu’rdegi biyimlesiw ko’nlikpelerinin’ ha’dden ti’s joqari’ yekenligin an’law qi’yi’n

yemes. Demek jan’a a’wlad kompyuter ha’m axborot texnologiyalari’na umti’lmaqta, woni’n’ jetiliskenliklerin ta’n almaqta.

Joqari’da ayti’lg’an u’sh poziciyani’n’ wo’zi xali’q bilimlendiriw salasi’ndag’i’ sabaqli’qlardi’n’ electron sabaqli’qlar menen almasatug’i’nli’g’i’na gu’man joq. Ju’zege kelgen bunday sabaqli’qlardi’n’ bahasi’, ma’mleketke 100 yesege deyin arzan tu’setug’i’nli’g’i’n yesapqa alsaq, wonda wolardi’n’ rawajlani’wi’n tez pa’tte a’melge asatu’gi’nli’qlari’na isenemiz.

## 1.2.Do’retiwshilikti wortali’qti’ jetilistiriwde baylani’s kommunikaciyalari’ni’n’ worni’.

Do’retiwshilikti wortali’qti’ jetilistiriwiwde baylani’s kommunikaciyalari’ boli’p yesaplang’an, mug’allim woqi’wshi’lar ja’ma’a’ti arasi’ndag’i’ baylani’s kommunikaciyalari’ni’n’ du’zilisin u’yrenip shi’gi’wi’mi’z maqsetke muwapi’q boli’p yesaplanadi’. Bunday tu’rdegi baylani’s kommunikaciyalari’ ta’biyiy ha’m jasalma tiller ja’rdeminde a’melge asi’ri’ladi’. Ta’biyiy tiller qatari’na qaraqalpaq, qazaq, wo’zbek ha’m tag’i’da basqa tiller kiredi. Al matematikali’q, fizikali’q ximiyali’q formulalar, sonday-aq ha’r qi’yli’ programmalasti’ri’w tilleri jasalma tiller qatari’na kiredi.

A’dette ta’biyiy ha’m jasalma tillerde, to’mendegi komponentler arqali’, wo’z-ara baylani’si’wshi’ kommunikativlik processi a’melge asi’ri’ladi’.

1.Mag’li’wmatlardi’ jetkiziwshi (bizlerdin’ jag’dayi’mi’zda bul turmi’sti’ mug’allim yamasa sabaqli’q atqaradi’).

2.Mag’li’wmatlardi’n’ adresati’ (adresat si’pati’nda mag’li’wmatlardi’ qabi’llap woti’rg’an woqi’wshi’lar kiredi).

3.Baylani’s kanali’ ( bul jag’dayda mug’allimnin’ so’zi akustikali’q tolqi’nlar ag’i’mi’ tu’rinde hawa arqali’ woqi’wshi’larg’a jetkeriledi).

4.Mag’li’wmatlarda ko’rsetilgen a’meldegi qandaydabir fakt.

5.Mag’li’wmatlardi’n’ wo’zi yamasa tekst.

Tekst-bul dizbekli shi’nji’r ta’rizli jaylasqan lingvistikali’q belgiler boli’p, wol quramali’ sintaksislik - semantikali’q baylani’s kanallari’n payda yetedi. Bul lingvistikali’q belgiler baylani’s kanallari’ arqali’ mug’allimnen woqi’wshi’g’a yamasa kerisinshe woqi’wshi’dan mug’allimge uzati’ladi’.

6.Baqlawshi’ (Ma’selen mug’allimnin’ sabag’i’na mektep direktori’ yamasa direktordi’n’ woqi’w isleri boyi’nsha wori’nbasari’ kirip, wo’tilip ati’rg’an sabaqti’n’ sapasi’ menen tani’sadi’. Bunday jag’dayda wolar baqlawshi’ xi’zmetin atqaradi’).

Wo’z-ara baylani’s kommunikativlik processin iske asi’ri’li’wi’nda, da’slepki bes komponenttin’ qatnasi’wi’ sha’rt. Yegerde bul komponentlerdin’ keminde

birewi qatnaspay qalsa, wonday jag'dayda mug'allim menen woqi'wshi' arasi'nda wo'z-ara baylani's kommunikaciyalari' u'ziliske tu'sedi. (Piotrovskiy, 1999-j 85-109-betler)

Al alti'nshi' komponenttin' baylani's kommunikaciyalari'na qatnasi'wi' sha'rt yemes. Yag'ni'y bul jag'dayda mug'llim menen woqi'wshi' arasi'nda wo'z-ara baylani's kommunikaciyalari' dawam ete beredi. Wo'z-ara baylani's kommunikaciyali'q processtegi (O'ABKP) yen' qi'yi'n ha'm quramali' basqi'shi'-bul mag'li'wmatlardi' qabi'llaw ha'm woni'n' qupiyali'li'g'i'n ani'qlaw qubi'li'si' boli'p yesaplanadi'. Bizlerdin' jag'dayi'mi'zda (O'ABKP)-ine qatnasi'p ati'rg'an alti' komponenttin' to'rtinshisi boli'p yesaplanadi'.

Klasstag'i' mug'allim woqi'wshi'larg'a jetkeriliwi za'ru'r bolg'an informaciyalardi' impulsli signallar ja'rdeminde baylani's kanali'na jiberiledi. Bul kanallar arqali' mug'allimnin' jibergen implusleri woqi'wshi'larg'a kelip jetedi. Yendigi ma'sele kelgen impulslerdin' qupiyali'qlari'n ashi'wdan ibarat boladi'. Woni'n' ushi'n woqi'wshi'larg'a bul signallardi'n' impulslerin qabi'l yetiwden aldi'n belgili bir da'rejedegi lingvistkali'q tayarli'qlarg'a iye boli'wlari' kerek.
Yeger wolar kelgen signallardi' qabi'llawdi'n ishki tayarli'g'i'na iye bolmasa, wonday jag'dayda bul impulsler woqi'wshi'lardi'n' bir qulag'i'nan shi'g'i'p woti'radi'.

Woqi'wshi'lar (adresat) impuls signallar ja'rdeminde kelgen mag'li'wmatlardi'n' qupiyali'li'g'i'n ashi'w ushi'n, jeterli da'rejede lingvistkali'q tayarli'qlarg'a iye boli'wlari' tiyis. Sonli'qtan da, baslawi'sh klass sabaqli'qlari'ndag'i' tekstlerinde ushi'rasatug'i'n ha'mme so'z ha'm so'z formalari' woqi'wshi'lardi'n' qabi'l yetiw mu'mkinshiliklerine sa'ykes keleme yamasa joq pa? Ju'rgizilgen lingvistkali'q –statistikali'q si'nawlardi'n' na'tiyjeleri bolsa ha'rekettegi sabaqlardag'i' tekstlerde ushi'rasatug'i'n leksikali'q birliklerdin' ba'rshesi woqi'wshi'lar ta'repinen wo'zlestiriw mu'mkinshiliklerine iye yemesligi ma'lim boldi'. Soni'n' ushi'nda woqi'wshi'lardi'n' leksikali'q ha'm grammatikali'q formalardi' wo'zlestiriw da'rejesine itibar berip bari'wlari' tiyis. Sebebi, harekettegi sabaqlardag'i' jan'adan ushi'rasqan so'z ha'm so'z

formalarada u’yreniw arqali’, woqi’wshi’lardi’n’ so’zlik qori’ ku’nnen ku’nge ken’eyip woti’radi’. Joqari’dag’i’lardi’ yesapqa ala woti’ri’p woqi’w wori’nlari’ndag’i’ do’retiwshilik wortali’qti’ jetilistiriw ushi’n (O’ABKP)-tin’ mazmuni’n duri’s an’lawi’mi’z ha’m woni’ bul wortali’qta paydalani’wi’mi’z maqsetke muwapi’q boli’p yesaplanadi’.

## 1.3.Baylani’s kommunikaciyalar processin jetilistiriwde belgiler sistemasi’ni’n’ worni’.

Bilimlendiriw turmi’si’nda wori’n alg’an bazi’ bir u’lgermewshilikler kimdi bolsa da ta’shwishke salatug’i’n jag’day yekenlikleri ha’mmege de belgili. Woni’n’ sebeplerine keletug’i’n bolsaq, kimlerdur woqi’wshi’lardi’n’ jalqawli’g’i’ yamasa woqi’wg’a intasi’ni’n’ joqli’g’i’ menen tu’sindirse, al bazi’lardi’n’ mug’allimlerdin’ woqi’ta almasli’q siyaqli’ ko’rinislerdi keltirip wo’tpekte. U’lgeriwshiliktin’ birden to’menlep ketiwleri baslawi’sh klasslardan joqarg’i’ klasslarg’a wo’tiw da’wirinde a’dewir ko’zge taslanbaqta. Sol sebepli bunday da’wirde ne sebepten woqi’wshi’lar ja’ma’a’tinde bunday jag’day ju’zege kelmekte?- degen sawalg’a juwap tabi’wi’mi’z za’ru’r.

A’lbette bul sawalg’a juwap beriwimiz ushi’n, birinshi gezekte woni’n’ sebeplerin tawi’p ali’wlari’mi’z kerek. Bul wori’nda u’lgeriwshiliktin’ to’menlep ketiwlerinin’ tiykarg’i’ sebebi pa’nlerdi woqi’ti’w metodikasi’nda belgiler sistemasi’n na’zerge almasi’qlari’ menen ti’g’i’z baylani’sli’ boli’p woti’r.

Da’stu’riy woqi’ti’w metodikasi’nda obekt ha’m jazi’w tikkeley baylani’sli’ tu’rde ali’p bari’ladi’. Al haqi’yqati’na keletug’i’n bolsaq, wolar arasi’nda tikkeley baylani’sti’n’ bolmaytug’i’nli’qlari’n atap wo’tiwlerimiz wori’nli’.



(1-Su’wrette) u’yrenilip ati’rg’an obekt  ha’m (bizlerdin’ mi’sali’mi’zda bul gu’l) woni’n’ belgili bir ta’rtipte wornalasqan ha’rip shi’nji’rlari’ arqali’ belgilengen jazi’wi’ berilgen.

Ko’rip turg’an’i’mi’zday bul su’wrette obekt penen jazi’wdi’n’ tikkeley baylani’stag’i’ ko’rinisi  berilgen. Tilekke qarsi’ ba’rshe pa’nlerdi woqi’ti’w metodikalari’nda usi’nday baylani’slarg’a su’yenip juwmaq shi’g’aradi’. Al negizine keletug’i’n bolsaq obekt penen jazi’w arasi’ndag’i’ baylani’s to’mendegi ko’rinistegi belgiler sistemasi’ boyi’nsha a’melge asi’ri’ladi’. (2-su’wret)




Bizlerdin’ mi’sali’mi’zdag’i’ gu’l natural obekti $R_0$ qatnas arqali’ woqi’wshi’lardi’n’ miyinde sa’wlelenedi. Wonnan keyin R* qatnasi’ arqali’

wolardi’n’ yadi’nda gu’l ha’rip shi’nji’rlari’ arqali’ belgileydi. Basqasha so’z benen aytqanda belgili ha’rip dizbeklerinen du’zilgen jazi’w da’slep adamni’n’ miyinde, al wonnan keyin $R_{0-1}$ qatnasi’ arqali’ taxtag’a yamasa qag’azg’a tu’siriledi.

A’dette belgiler sistemasi’nda adamni’n’ miyindegi sa’wlelengen obektti belgileniwshi, al woni’n’ belgili bir ta’rtiptegi ha’rip dizbekleri boyi’nsha jazi’wi’n belgilewshi - dep ataladi’. Demek, belgileniwshi shen’berdin’ joqarg’i’, al belgileniwshi to’mengi bo’leginde jaylasqan. (2-su’wret). Belgileniwshinin’ du’zilisi belgilewsige qarag’anda a’dewir quramali’ boli’p keledi. Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi wol bir waqi’tti’n’ wo’zinde u’sh blok arqali’ wo’zinin’ funkciyasi’n a’melge asi’ri’p baradi’. Atap aytqanda denotat, designat ha’m konnotat. (3-su’wret)

Dennotat ($D_n$) – bul obekttin’ adam sanasi’ndag’i’ sa’wlesi bolsa, designat ($D_s$) sa’wlelengen obekt haqqi’ndag’i’ tu’sinikler toplami’, al konnotat ($C_n$) sol obekt haqqi’ndag’i’ emmocionalliq obrazlar ko’pligi boli’p yesaplanadi’.

Joqari’dag’i’ ati’ atalg’an belgileniwshidegi $D_n$, $D_s$, ha’m $C_n$ lardi’n’ birgeliktegi baylani’s kommunikaciyalari’na qosi’li’wlari’ arqali’ baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n’ obekt haqqi’ndag’i’ bilim ko’nlikpeleri jeni’l wo’zlestirilip bari’ladi’.




Bizlerdin’ keltirip woti’rg’an mi’sali’mi’zdag’i’ obekttin’ woqi’wshi’lar sana-sezimindegi sa’wlesi -$D_n$ , wo’simlikler a’leminin’ tu’ri yekenligi – $D_n$, adamlar arasi’ndag’i’ hu’rmet ha’m dosl’q ma’nisin beriwshi emocionalli’q obrazi’- bul $C_n$ Baslawi’sh klass matematika sabaqlari’ndag’i’ derlik ba’rshe temalarda denotaciya, designaciya ha’m konnotaciya bloklari’n toli’g’i’ menen baylani’s

kommunikaciyalari’na qosi’la ali’wi’ jas wo’spirimlerdin’ wo’tilip ati’rg’an materiyallardi’ jeni’l wo’zlestiriwine tiykar jaratadi’. Qalaberse natural sanlar arasi’ndag’i’ arifmetikali’q a’mellerdi de denotaciya, designaciya ha’m konnotaciyalardi’ sa’wlelendiriw mu’mkinshiliklerine iye yekenliklerin de atap wo’tiwimiz wori’nli’. Ma’selen: bir alma, jeti gu’l, ju’z sho’je ha’m t.b. Denotaciyali’q processler arqali’, wolar arasi’ndag’i’ arifmetikali’q a’mellerdi de baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n’ sana seziminde yerkin sa’wlelendiriw mu’mkinshiliklerine iye.

Al lingvistikali’q belgiler sistemasi’ndag’i’ denotaciya qubi’li’si’ to’mendegi (4-su’wret) boyi’nsha a’melge asi’ri’ladi’.




**4-su’wret.**

Joqarg’i’ klasslardag’i’ matematika sabaqlari’nda bolsa u’yrenilip ati’rg’an obektler menen processler wo’zinin’ quramali’li’g’i’ menen aji’rali’p turadi’. Qalaberse klasslardi’n’ joqari’lawlari’ menen bunday quramali’li’qlar wo’sip woti’radi’. Usi’g’an baylani’sli’ matematikali’q ug’i’mlardi’ denotaciya arqali’ a’melge asi’ri’w barg’an sayi’n shiyelenisip baradi’. Al quramali’ obektlerdi

qabi’l yetiw qa’biletligi bolsa woqi’wshi’larda ha’r qi’yli’ boli’p keledi. Sol sebepli joqarg’i’ klasslarg’a wo’tiw da’wirinde bul pa’ndi wo’zlestiretug’i’n ha’mde wo’zlestire almaytug’i’n woqi’wshi’lar bir-birinen aji’rala baslaydi’.
Bunnan basqa ta’biyg’i’y pa’nler matematika menen ti’g’i’z baylani’sli’ boladi’. Wolay bolatug’i’n bolsa toli’q u’lgeriwshilikke yerisiw ushi’n bul pa’ndi ti’yanaqli’ tu’rde wo’zlestiriw kerek.

Wo’z gezeginde ja’ne de bir payda bolatug’i’n qi’yi’nshi’li’q – temalardi’n’ bir-birine baylani’sli’li’g’i’nda da boli’p woti’r. Joqarg’i’ klasslardag’i’ bir temani’ wo’zlestirmegenliklerinin’ wo’zi woqi’wshi’lardi’n’ basqa temalardi’ da tu’siniw imkaniyatlari’nan ayi’radi’. Sol sebepli u’lgeriwshilikti saplasti’ri’w ushi’n ta’biyg’i’y pa’nlerdi woqi’ti’w metodikalari’n belgiler sistemasi’ tiykari’nda bag’dar ali’wi’mi’z za’ru’r. Bunday tu’rdegi integraciyani’ ju’rgiziw ha’m woni’n’ unamli’ na’tiyjelerine yerisiw pedagogika iliminde wori’n alg’an a’hmiyetli ma’selelerdin’ biri boli’p qalmaqta.

## 1.4 Krizislik da’wirdegi baylani’s kommunikaciyali’q processinin’ ayi’ri’qshali’qlari’.

Wo’sip kiyati’rg’an jas a’wladti’ rawajlandi’ri’w ta’rbiya teoriyasi’ ha’m praktikasi’ni’n’ qospali’ tiykarg’i’ problemasi’ni’n’ biri. Bul problemani’n’ tu’rli aspektleri bar, sonli’qtan soni’n’ menen jas fiziologiyasi’ ha’m anatomiyasi’, balalar psixologiyasi’ ha’m pedagogikali’q psixologiya siyaqli’ tu’rli ilimler shug’i’llanadi’.

Mi’sali’, fiziologiya ha’m psixologiya ilimi adam a’wladtan-a’wladqa na’sil joli’ menen wo’tetug’i’n sha’rtli refleksler menen tuwi’ladi’. Refleks- lati’nsha sa’wleleniw degen so’zden ali’nga’n. Organizmnin’ si’rtqi’ yaki ishki ta’sirlerge nerv sistemasi’ arqali’ ni’zamli’ tu’rde qaytaratug’i’n juwap- reakciyasi’. Biraq bul sha’rtli refleksler organizmnin’ jan-jaqlama rawajlani’wi’ ushi’n jetkilikli yemes. Adamni’n’ si’rtqi’ ta’sir na’tiyjesinde ju’zege keletug’i’n sha’rtsiz refleksler sha’rtli reflekslerge ja’rdem yetedi. Fiziolog sha’rtli ha’m sha’rtsiz reflekslerdi birinshi ha’m yekinshi signal sistemasi’ dep atadi’. Adamni’n’ tuwi’lg’ani’nan keyingi ha’r ta’repleme wo’sip rawajlani’wi’ ushi’n yekinshi signal sistemasi’ sheshiwshi a’hmiyetke iye. Shi’ni’nda da bizin’ balani’s ta’rbiyalawi’mi’z, woqi’ti’p ha’m ha’r qi’yli’ ta’rtip, a’detler u’yretiwimiz sha’rtli reflekslerden ibarat. Demek balag’a ta’rbiyali’q ta’sir ko’rsetiw bas miyi qabi’g’i’nda sha’rtli reflekslerdin’ sistemasi’n ju’zege keltiriw boli’p tabi’ladi’.

Balani’n’ turmi’s ta’jiriybesi bilim tu’sinigi jetilisken sayi’n wondag’i’ sha’rtli refleks xi’zmeti qospali’ boli’p baradi’. Bas miyde jan’adan waqi’tsha nerv baylani’slari’ni’n’ ju’zege keliwi woni’n’ turmi’sti’ yaki aldi’na biliw ushi’n maqset yetken na’rsesin tu’sinip ali’wi’n tag’i’da an’satlasti’radi’.

Balani’n’ wo’sip rawajlani’wi’ woni’n’ ma’lim bilimlerdi qabi’l yetiw qabiletliligin jetilistiredi. Usi’ni’n’ menen birge berilgen bilim ha’m ta’rbiya balani’n’ tag’i’da garmonikali’q rawajlani’wi’na ali’p keledi. Sonday-aq wo’z gezeginde balani’n’ bilimler sistemasi’n iyelewi wondag’i’ di’qqat, yad, woylaw, qabi’l yetiw qubi’li’slari’ni’n’ rawajlani’wi’na da ja’rdem yetedi. Al pedagogika ilimi woqi’wshi’ni’ ha’r ta’repleme rawajlandi’ri’w ushi’n za’ru’r bolg’an yen’

na’tiyjeli sha’rt- sharayatlardi’ u’yrenedi ha’m ani’qlaydi’. Bul ma’seleni sheshiw ushi’n da’slep “личность”, “shaxs” degen tu’siniktin’ mazmuni’n ha’m “личность” ti’n’ rawajlani’w zan’li’qlari’n rawajlani’wdi’n’ ko’rsetkishlerin jekke adamni’n’ qa’liplesiwinde za’ru’r sha’rtlerdin’ rolin biliw, individtin’ rawajlani’w bari’si’ (ontogenez) basqi’sh da’wirlerin ani’qlaw, bala shaxsi’n’ qa’liplestiriwde ta’lim-ta’rbiyani’n’ ha’m bala iskerliginin’ rolin u’yreniw za’ru’r boladi’. Birinshi gezekte rawajlani’w tu’siniginin’ ma’nisin ashi’p ali’w lazi’m. Bul ma’selede pedagogika ilimi rawajlani’wdi ta’biyat, ja’miyet ha’m woylawdi’n’ qa’siyeti, sonday-aq to’mennen joqari’g’a bolg’an ha’reket dep jan’ali’q tuwi’li’wi’ ja’ne yeskini joq boli’wi’ yaki pu’tkilley wo’zgeriwi dep yesaplaydi’.

Rawajlani’wdi’ tek san wo’zgerisleri yemes al sapa wo’zgerisleri de payda bolatug’i’n qospali’ process dep yesaplaydi’. Bul qospali’li’q jan’a payda boli’p kiyati’rg’an elementler menen yeski elementler wortasi’ndag’i’ qarama-qarsi’li’q, gu’res na’tiyjesinde yeskinin’ joq boli’wi’ ha’m jan’ani’n’ payda boli’wi’ aqibetinde ju’zege keledi. Bul processlerde san wo’zgerisleri rawajlani’wdi’n’ ma’lim da’wirinde jan’a sapa tu’rinde payda boladi’. Sol ushi’nda pedagogika ilimi balani’n’ rawajlani’w processine, bari’si’na insan shaxsti’n’ jetilistiriwdin’ qospali’ ha’m qarama-qarsi’li’qli’ joli’ dep qaraydi’. Ha’zirgi filosofiya, sociyalogiya, psixologiya ha’m pedagogika da shaxs ani’q bir adam si’pati’nda tu’siniledi, woni’n’ a’hmiyetin ja’miyetlik mu’na’sibetler ja’mi (uli’wma ji’yi’ndi’si’) dep tu’sinemiz. Qospali’ tu’sinikke iye jeke adam tu’sinigin analiz yetiwde woni’n’ ha’r qi’yli’ ayi’rmashi’li’qlari’n tiykarg’i’ talaplar dep aji’rati’p ko’rsetiw mu’mkin. Aqi’l, sezim ha’m yerkti jeke adamni’n’ u’sh tiykarg’i’ ta’repi dep aji’rati’p ko’rsetiw yen’ da’slepki ani’qlawlar yedi. Biraq son’g’i’ waqi’tta ali’mlar jeke adamdi’ u’wreniwge basqasha jantasa basladi’. Jeke adam barqulla bir pu’tin, qospali’ ha’diyse boli’p, wonda insanni’n’ biologiyali’q ayi’rmashi’li’qlari’ da social ayi’rmashi’li’qlari’ da qa’liplesedi. Bir jekke adamda woni’n’ barli’q ta’repleri, ayi’rmashi’li’qlari’, sapalari’ bir-birine baylani’sqan boladi’. Bul baylani’slar wog’ada har tu’rli boli’p tu’rli adamlarda tu’rlishe ma’lim

boladi’, bazi’da wolar bir-birine qarama-qarsi’ ha’m wo’zgermeli. Sol ushi’nda ha’r bir adamni’n’ sapasi’ mi’sali’ yaki yadi’, yaki xarakter ayi’rmashi’li’g’i’ woni’n’ qanday tilek ha’m armanlar menen yaki basqa sebepler menen kiriskenine qarap pu’tkilley ha’r qi’yli’ mazmun ha’m bahag’a iye boladi’.Qiyal bayli’g’i’- adamni’n’ do’retiwshilik isleri ushi’n za’ru’r bolg’an bahali’ ayi’rmashi’li’g’i’ biraq adam qi’yali’nda woylap qoyg’an na’rselerin praktikada ju’zege shi’g’armasa bul qi’yal bayli’g’i’ unamsi’z qa’siyet boli’p qaladi’. Sonday-aq muzikag’a qa’bileti bolg’an adam woni’ jaqsi’raq u’yreniw ushi’n umti’lmasa ha’m miynet yetpese, woni’n’ bul qa’bileti rawajlanbay qaladi’. Pedagogika ilimi jeke adamdi’ biologiyali’q ha’m sociyal qa’siyetleri wo’z-ara ti’g’i’z baylani’sqan bir pu’tin na’rse dep yesaplaydi’. Adamni’n’ jasi’, sawli’g’i’, woni’n’ uli’wma iskerligine yemes al turmi’s ta’rizisinede ta’sir yetedi. Biraq jekke adamni’n’ pu’tkil tulg’asi’n belgilep beretug’i’n, woni’n’ fizikali’q jetpewshiliklerinen kelip shi’g’atug’i’n xarakterindegi unamsi’z qa’siyetlerdi joq yetiw ush’n ku’sh bag’i’shlaytug’i’n, woni’n’ rawajlani’wi’na alg’a umti’li’wi’na yeristiretug’i’n sebepler qi’zi’g’i’w, maqsetke umti’li’w, yag’ni’y do’retiwshilik turmi’s na’tiyjeleri sheshiwshi rol woynaydi’.

Jekke adam tu’siniginde pedagogika pa’ni ja’miyetlik paydali’ islerge qatnasi’wg’a za’ru’rlik seziwdi ha’m belsendi qatnasi’wdi’ ha’r bir adamni’n’ basqalar menen mu’na’sebette boli’w za’ru’rligin, bul mu’nasebetlerdin’ mazmuni’ ha’m formalari’n, jekke adam menen woni’n’ a’tirapi’ndag’i’ adamlar arasi’ndag’i’ qatnaslar sistemasi’n, woni’n’ ta’biyatqa, qorshap turg’an du’niyag’a mu’na’sebetin jeke adamni’n’ tiykarg’i’ ayi’rmashi’liqlari’ dep ayi’ri’p ko’rsetedi. Jekke adam ja’miyetlik turmi’s jemisi boli’wi’ menen birge tiri organizm. Organizmnin’ tirishiligi biologiya ni’zamli’qlari’na boysi’ng’an. Birinshi gezekte nerv sistemasi’ni’n’ qa’siyetleri ju’zege keltiretug’i’n temperament ayi’rmashi’liqlari’ sebepli insani’n’ pu’tkil minez-qulqi’ ayi’ri’m xarakterge iye boladi’.

Jekke adamdi’ qa’liplestiriw ha’m rawajlandi’ri’w ma’selesine duri’s qatnas jasaw ushi’n jekke adamni’n’ ta’biyati’n, du’zilisin, woni’n’ minez-quli’q

sebeplerin ha’m wog’an ta’sir tiygiziw qurallari’n biliw za’ru’r. Ali’mlardi’n’ jekke adam haqqi’ndag’i’ ko’z-qaraslari’na pedagogika ilimi kritikali’q qatnasta baylani’sadi’. Bul ma’selege qatnas jasawda burjuaziya ali’mlari’ni’n’ arasi’nda u’sh tiykarg’i’ ag’i’m bar.

Bular: 1.Biologiyali’q ag’i’m. 2.Biosotsial ag’i’m. 3.sociologiyali’q ag’i’m.

Ha’rbir ustaz qanday qa’siyetlerge iye yekenligin biliwi kerek. Pedagogika pa’ninin’ tiykarg’i’ wazi’ypasi’ni’n’ biri balani’n’ rawajlani’wi’n jan-jaqlama u’yreniw ha’m mug’allimnin’ wo’z isinde tabi’sqa yerisiwi wo’z woqi’wshi’lari’ni’n’ qa’siyet ha’m ayi’rmashi’li’qlari’n biliw yesaplanadi’. Woqi’wshi’lardi’n’ qi’zi’g’i’wi’, qa’bileti ha’m wolardi’n’ haq kewili menen qa’lep qi’yi’nshi’li’qtan qori’qpay woqi’wg’a tayi’n yaki tayi’n yemes yekenligi yesapqa ali’nbasa bilim ali’w qanaatlandi’rarli’ na’tiyje bermeydi.

Balani’n’ pikirlew qa’bilyeti ha’m pu’tkil xarakter ayi’rmashi’li’qlari’n na’zerde tutqan halda ali’p bari’lg’an woqi’ti’w balalardi’ bilim ali’wg’a qi’zi’qsi’ndi’radi’, woqi’ti’wdi’n’ tabi’sli’ boli’wi’n ta’miynleydi.

Bala organiziminin’ wo’siwi ha’m rawajlani’wi’, psixikali’q jaqtan jetilisiwi tu’rli jas da’wirinde ha’r qi’yli’ boladi’. Bala psixikasi’ni’n’ rawajlani’wi’ wog’ada qospali’ ha’m qarama-qarsi’li’qlarg’a iye process, har qanday basqa rawajlani’w si’yaqli’ bunda san ha’m sapa wo’zgerislerine ali’p keledi. Rawajlani’w processinde belgiil bir ta’rtiptegi stadyali’qti’ ko’riw mu’mkin. Ha’r bir basqi’sh (stadiya) balani’n’ real haqi’yqatli’qqa qatnasta ma’lim mu’na’sebeti menen, insani’y mu’na’sebetler sistemasi’nda tutqan worni’ menen xarakterlenedi.

Bizin’ g’a’rezsiz yelimizde wo’sip kiyati’rg’an jas a’wladti’ adamgershilik ruwxi’nda ta’rbiyalaw sistemasi’nda balani’n’ rawajlani’wi’ndag’i’ tiykarg’i’ basqi’shlardi’ wo’z ishine ali’wshi’ mi’nanday jas dawi’rlerine aji’rati’w qabi’l yetilgen;

1.Bo’beklik, 1-2 jaslardag’i’ bala. 2.Mektepke shekemgi ta’rbiya jasi’. 3-7 jaslar. 3. Kishi jastag’i’ mektep woqi’wshi’si’, 7-12 jasqa shekemgi da’wiri. 4.Worta jastag’i’ mektep woqi’wshi’si’, yag’ni’y wo’spirimlik jasi’, yag’ni’y wo’tiw da’wiri.12-15 jasqa shekemgi dawir. 6.U’lken jastag’i’ mektep

woqi'wshi'si' 16-17-18-19 jasqa shekemgi da'wir. Kishi jastag'i' mektep woqi'wshi'si' yag'ni'y 7-12 jasar balalar boli'p jeti jastag'i' bala wo'zinin' fizikali'q ha'm ruwxi'y kamalg'a keliwi jag'i'nan mektepte bilim ali'w ushi'n toli'q tayar da'wir yesaplanadi'. Yelimizdegi balalardi'n' barli'g'i' 6-7 jastan baslap mektepte sistemali' bilim ali'p ta'rbiyalani'wi'n baslaydi'.

Balani'n' mektepke keliwin rawajlandi'ri'wshi' faktor ko'z-qarasi'nan qarag'anda bala ushi'n wog'ada u'lken a'hmiyetke iye. Wol mektepte woqi'w waqti'ni'n' baslani'wi'n ko'pten beri ku'tetug'i'n yedi. Bala mektepke keliwi menen wolarda ku'ndelikli miynet tapsi'rmali' payda boladi'. Wol mekteptegi rejimge a'meliyilajlar islewi tiyis.Wol yendi kollektivke qosi'li'p woni'n' isleri ha'r ta'repleme ta'rtipke sali'nadi'. Sabaq waqti'nda so'ylespew, mug'allimnin' tu'sindirgenlerin diqqat penen ti'n'law, woni'n' buyri'qlari'n wori'nlaw, ta'nepis waqti'nda shawqi'mlaspaw ha'm t.b. Baladan wo'zin pu'tkilley qayta quri'wdi', woni'n' fizikali'q ha'm ideyali'q ta'repten qayta quri'li'wi'n, wo'zgertiwin talap yetedi. Mektepke shekemgi ta'rbiya jasindag'i' balalar ushi'n xarakterli bolg'an yerkinlik, biyg'amli'qti'n' worni'n, woylap is yetiw, saldamli'li'q, ta'rtiplilik iyeleydi. Bolmi'sqa woyi'n maqsetinde mu'na'sebette boli'wdi'n' worni'n wog'an praktikali'q qatnasta boli'w iyelewi tiyis. Iqtiyarsi'z di'qqat, iqtiyarli' di'qqat penen, tolti'rli'wi' ha'm wog'an boysi'ndi'rli'wi' kerek. Konkret ko'rsetpeli pikirlew rawajlani'p obstrakt pikirlewge aylani'wi' kerek. Balani'n' tu'siniksiz qi'sqa so'zin tu'sinkli uzi'n ga'pler iyelewi tiyis. Balani'n' jeti jasta so'zi za'ru'r da'rejede wo'sken boli'p aktiv ha'm passiv so'zlik bir qansha rawajlang'anli'g'i' sebepli mug'allimnin' tu'sindirgenlerin jaqsi' an'lay aladi.

Kishi mektep jasi'ndag'i' balalar fizikali'q ta'repten bir bag'darda tegis wo'sedi. Boyi' wortasha 120 sm. Awi'rli'g'i' 22 kg. a'tirapi'nda boladi'. Wolardi'n' muskullari' tez wo'sedi, buwi'nlari' tez rawajlanadi'. Muskullardi'n' ku'shi arti'p woti'radi'. Usi' sebepli wolar wog'ada ha'raketshen' boladi'. Balani'n' wo'sip rawajlani'wi' woni'n' ma'lim bilimlerdi qabi'l yetiw qa'biletligin jetilistiredi. Usi'ni'n' menen birge berilgen bilim ha'm ta'rbiya balani'n' tag'i'da garmonikali'q rawajlani'wi'na ali'p keledi. Sonday-aq balani'n' bilim sistemasi'n

iyelewi wondag’i’ di’qqat, yad, woylaw, qabi’l yetiw qubi’li’slari’ni’n’ rawajlani’wi’na ja’rdem beredi.

Adamdag’i’ qa’siyetler ja’miyetlik qatnaslar xarakteri adami’n’ paziyletlerin belgilep beredi. Usi’ni’n’ menen birge ta’biyatti’n’ jemisi, ta’biyatti’n’ yen’ rawajlang’an basqi’shi’.

Adamni’n’ kamalg’a keliwinde ta’biyat penen ja’miyet bir-birine qarama-qarsi’ kelmeydi, al bular wo’z-ara bekkem baylani’sta boladi’. Ja’miyetlik tariyxi’y rawajlani’w janli’ ta’biyatti’n’ joqarg’i’ basqi’shi’nda ju’zege kelip bul ta’biyatti’n’ si’rtqi’ ko’rinisin uzaytadi’, jaqsi’laydi’. Ta’biyatti’n’ bul jetilisiwinde ja’miyetlik tari’yxi’y jag’daylar sheshiwshi wori’n tutadi’. Mine usi’ zan’li’q adamni’n’ kamalg’a keliwinde de ayri’qsha ko’rinedi. Ontogenez filogenezdi ta’kirarlaydi’.

Ontogenez – (личность) ti’n’ ana qarni’ndag’i’ embrional da’wirinen baslap tap wo’mirinin’ aqi’ri’na shekem yaki individual wo’miri tawsi’lg’ansha bolg’an fizikali’q ha’m psixikali’q rawajlani’w da’wiri.

Filogenez- belgili bir tu’ri organizm tu’rinin’ jerde tirishilik payda bolg’annan keyingi evolyucion rawajlani’w processi (ruw, tu’rdin’ kelip shi’g’i’wi’).Adamzatti’n’ rawajlani’w jemisi keyingi tuwi’lg’an adamlarg’a miyras boli’p qaladi’. Tuwi’lg’an waqti’nan baslap wol adamlar menen da’slep an’si’z keyin sanali’ tu’rde qatnasta boladi’, wo’zi turmi’s ta’jiriybesin artti’radi’, ma’deniy jetiskenliklerge yerisedi.

Ja’miyet- adamlardi’ kamalg’a keltiredi. Adam tuwi’lg’annan keyin wo’zinen buri’n’g’i’ adamlar jaratqan bayli’qlardan paydalanadi’. Usi’ni’n’ menen birge wol da wo’z aqi’li’, w’o’z miyneti arqali’ uli’wma u’les qosadi’, wolda ja’miyettin’ rawajlani’wi’na ma’lim u’les qosadi.

Pedagogika ilimi kamalg’a keliw tek na’silge baylani’sli’ yekenligin toli’q biykarlap uli’wma qabilyettin’ bar yekenligin woni’n’ ayi’rmashi’li’g’i’ ha’m adamni’n’ qa’liplesip shi’g’i’wi’ndag’i’ a’hmiyetin maqullaydi’. Angliya filosofi Djon Lokti’n’ aytqani’nday balani’n’ qa’lbi ko’kiregi taza taxta yemes, wog’an qa’legen na’rseni jazi’p bolmaydi’. Biraq bala tar tu’sinik, du’nyag’a ko’z-qaras

penen tuwi'lmaydi'. Usi'ni'n' menen birge anatomiyali'q ha'm fiziologiyali'q qa'siyetler na'silden wo'tedi, wol tu'rli tuwma jetiskenliktin' materiyalliq tiykari' boladi'. Bul tuwma qa'bilyetlikler wo'z-wo'zinen kamalg'a kelmeydi.

M.V. Lomonosov genial qa'bilyet penen tuwi'ldi', yeger wol woqi'mag'anda, qa'bilyetli bolsada sol qa'dimgishe qala berer yedi. Ta'rbiyashi'lardi'n' ja'rdemisiz shayi'r da, ali'm da bola almas yedi. Sonday-aq Lomonosov penen basqada ko'p adamlar wo'qi'di'. Biraq wo'lardi'n' ha'mmesi ali'm bolmadi', sebebi geniyal do'retiwshilik qa'bilyeti joq yedi.

So'z joq insan shaxsi'ni'n' kamalg'a keliwinde ja'miyetlik wortali'qti'n' a'hmiyeti wog'ada zor. Ja'miyetlik wortali'q materiyalli'q ta'rtip, ideyalogiya, waqti'-waqti' ta'sir yetiw qurallari', kino, teatr, krujok t.b. a'tiraptag'i' kisiler menen ba'rqulla baylani'sta boli'w siyaqli'lardi' wo'z ishine aladi'. Bulardi'n' barli'g'i' bizin' sociyalli'q waqiyali'g'i'mi'zga' unamli' ta'sir tiygizedi awladlarda yen' jaqsi' insani'y si'patlardi' payda yetedi. Sonday-aq wortali'qta unamsi'z ta'sirler, yeski diniy u'rp-a'detlerde boli'wi' mu'mkin. Ja'miyetlik wortali'q ta'sirin ta'rtipke sali'w za'ru'r.Ta'rbiya- bul ta'rbiyalani'wli'g'i'na ma'lim maqset penen sistemali' ta'sir ko'rsetiw.

## 1.5.Baslawi’sh bilimlendiriw sabaqli’qlari’ tekstlerinin’ informaciyali’q bazasi’n du’ziw ma’seleleri.

A’lemdegi ba’rshe obektler, adamlar arasi’ndag’i’ ha’r qi’yli’ qatnaslar, ta’biyattag’i’ qubi’li’slar insanni’n’ seziw organlari’ arqali’ miyinde sa’wlelenedi. Semiotika iliminde bunday tu’rdegi sa’wleleniwlerdi belgileniwshi dep ataydi’. Semiotika- bul belgiler haqqi’ndag’i’ ilim. Wo’z gezeginde adamzat wo’zine qolayli’ bolg’an tan’balar arqali’ wolardi’ (bizlerdin’ jag’dayi’mi’zda belgileniwshiler) belgileydi. Al belgilengen obektler, adamlar arasi’ndag’i’ qatnaslar, ta’biyattag’i’ qubi’li’slar signallar arqali’ a’tirapqa tarqaladi’. Tarqati’li’wshi’ signallar jazba yamasa ses arqali’ a’melge asi’ri’ladi’. Bunday signallar ja’rdeminde woqi’wshi’lardi’n’ so’zlik qori’ qa’liplesedi ha’m ken’eyip baradi’. Na’tiyjede wolarda jazi’w ha’m wo’z-ara so’ylesiw qa’liplesedi. Bul ko’nlikpelerdin’ da’slepki basqi’shi’ mektepke shekemgi ha’m baslawi’sh ta’limde aydi’nlasa baslaydi’.

Baslawi’sh ta’limde ana tilin pa’nin woqi’ti’wdi’n tiykarg’i’ wazi’ypasi’- woqi’wshi’lardi’ duri’s so’ylep sawatli’ jazi’wg’a u’yretiwden ibarat. Bul pa’nde jas wo’spirimlerdin’ so’zlik qori’n ken’eytiriw maqsetinde ko’rgizbeli qurallardan wo’nimli paydalani’ladi’. Yeger bunday qurallardan paydalani’lmasa, wolardi’n’ miyinde u’yrenilip ati’rg’an obektler, ha’r qi’yli qatnaslar yamasa ta’biyattag’i’ boli’p ati’rg’an qubi’li’slar sa’wlelenbey qaladi’. Bul wo’z gezeginde wo’qi’wshi’lardi’n’ pa’ndi wo’zlestiriw mu’mkinshiliklerinen toli’q ayi’ri’ladi’. Ma’selen: «Bayi’wli’ni’» jas wo’spirimler da’slep zooparkte, televizorda yamasa su’wretin ko’rmese wonda bayi’wli’ni’ ha’rip shi’nji’rlari’nan du’zilgen signal woqi’wshi’larg’a uzati’lg’an waqi’tta, hesh qanday ma’nige iye bolmag’an a’piwayi’ akustikali’q signal si’pati’nda qabi’l yetiledi.

Bunday jag’dayda woqi’wshi’lar kelgen so’zdin’ ma’nisin tu’sinbey qalatug’i’nli’g’i’n ko’riw mu’mkin.

Matematikali’q, fizikali’q, ximiyali’q formulalar jasalma tiller qatari’na kirse, al qaraqalpaq, qazaq, wo’zbek ha’m a’lemdegi ba’rshe tiller ta’biyg’i’y tiller qatari’na kiredi.

Tariyxta bul tiller arqali’ xali’qti’ sawatlandi’ri’w kitap baspaxanasi’ni’n’ ju’zege keliwi menen a’melge asi’ri’lg’an. Al ha’zirgi da’wirde bul sawatlandi’ri’wg’a kompyuterlestiriw texnikasi’ aralasi’p ati’r.

Wo’tken sekseninshi ji’llari’ndag’i’ bildirilgen ilimiy boljawlarg’a 2040, 2050- ji’llar arali’qlari’nda ja’miyet toli’q informaciyali’q da’wirge wo’tedi. Sol sebepli jazi’wlar qag’azda ruchka arqali’ yemes, ba’lki kompyuterler arqali’ a’melge asi’ri’latug’i’nli’g’i’ atap ko’rsetilgen.

A’lbette sekseninshi ji’llarda bildirilgen bunday boljawlar, qanday da bir ilimiy-fantastikaliq pikirlerge uqsap ketetug’i’n yedi. Sol sebepli ja’miyetshilik bul boljawlardi’ wonsha ta’n almadi’. Biraqta aradan jigirma ji’l wo’ter wo’tpesten-aq jazi’wlardi’n’ ko’mpyuter arqali’ a’melge asatug’i’nli’g’i’ haqqi’ndag’i’ boljawlar wo’z tasti’yg’i’n ala basladi’.

Xali’q ta’liminde sawatlandi’ri’wdi’n’ yekinshi joli’ bolg’an kompyuterlik texnologiyalardi’ yendire basladi’. Nege degende ha’zirgi zaman informaciyalar ag’i’mi’ni’n’ ha’dden ti’s ko’beyip ketiw na’tiyjesinde wolardi’n sistemalasti’ri’w, qayta islew, operativ tu’rde adresatlarg’a jiberiw ha’m usi’g’an zaru’r bolg’an.Sol sebepli, kompyuterlik texnikani’n’ jetiskenlikleri xali’q xojali’g’i’mi’zdi’n’ derlik ha’mme tarawi’na kirip u’lgerdi.(Andryushenko, 1989, 4 b).

Jan’a a’sirimizdin’ jaqi’n won ji’lli’g’i’-sawatlandi’ri’wdi’n’ kompyuterlik usi’li’na toli’q wo’tetug’i’nli’g’i’ ma’lim boldi’. Bul wo’z gezeginde jigirmalanshi’ a’sir sawatli’ adamlari’ arasi’nda payda bolatug’i’n keskin ayi’rmashi’li’qlardi’n’ ju’zege keliwin payda yetip woti’r. Usi’nday ayi’rmashi’li’qlardi’n’ aldi’n ali’w maqsetinde xali’q ta’limi sawatlandi’ri’wdi’n’ yekinshi joli’ yag’ni’y kompyuterlik texnologiyalardi’ yendire basladi’.

Na’tiyjede xali’q ta’limi diziminde woqi’ti’wdi’n’ jan’a pedagogikali’q texnologiyasi’ ju’zege keledi. A’lbette bul wo’z joli’ menen bizin’ ku’nimizge deyin kelip jetken ni’zamli’ qubi’li’s. Wo’ytkeni, tariyxta hesh bir texnologiya bir a’sirden yekinshi a’sirge ko’ship woti’rmag’an. Ha’r qanday texnologiyani’n’, wo’mir su’riw da’wiri bolg’an, jarati’lg’an texnologiyalar bir neshe won ji’l dawami’nda wo’mir su’rip, xali’qqa xi’zmet ko’rsetken. Biraq da’wirdin’ ha’m

turmi’si’mi’zdi’n’ talaplari’ ku’nnen-ku’nge ku’sheyip ati’rg’an. Na’tiyjede yeski texnologiyani’n’ paydalani’w wo’risi tarayi’p, a’ste aqi’ri’n da’wir talabi’na juwap bermegenligi sebepli, saxnadan shi’g’i’p woti’rg’an.

A’lbette jan’a texnologiyani’n’ jarati’li’wi’nada ha’m woni’n’ turmi’si’mi’zda paydalani’wdi’n’ da’slepki basqi’shi’nda ha’r qi’yli’ bo’getler ha’m qarama-qarsi’li’qlardi’n’ boli’wi’ so’zsiz. Mine usi’ qarama-qarsi’li’qlar ishindegi, yag’ni’y jan’a texnologiyani’n’ ju’zege keliwine irkinish jasaytug’i’n faktorlardi’n’ biri- bul ji’llari’ dawami’ndabir texnologiyag’a u‘yrenisip qali’w na’tiyjesinde ha’m jan’a metodlardi’ qabi’l yetiwdi qa’lemeytug’i’n, qa’liplesip qalg’an yeski steoretiplerden quti’li’w qi’yi’nshi’li’g’i’ boli’p tabi’ladi’. Sebebi jan’a texnologiyani’ du’ziw ha’m woni’ turmi’sqa asi’ri’w ushi’n ko’p mi’nli’q pedagog kadrlardan turatug’i’n armiyani’n’ qatnasatug’i’nli’g’i’ ta’biyg’i’y qubi’li’s.

Usi’lardi’ yesapqa alg’an halda yeski sovet da’wirinde jarati’lg’an texnologiyalardi’n’ go’nerip qalg’anli’g’i’n ha’m woni’n’ ha’zirgi ta’lim sistemasi’ni’n’ talaplari’na juwap bermeytug’i’nli’g’i’ haqqi’ndag’i’ ug’i’mdi’ qa’liplestiriwimiz ha’m wog’an isendiriwimiz za’ru’r.

## 1.6.Jan’a a’wlad sabaqli’qlari’ni’n’ jarati’li’wlari’ haqqi’nda:

Karrlardi’ tayarlawdi’n’ milliy da’stu’ri menen ta’lim haqqi’ndag’i’ ni’zamni’n’ qabi’l yetiliwi, O’zbekistanda bilimlendiriw sistemasi’nda reformalardi’ a’melge asi’ri’wdi’n’ imkaniyatlari’n jaratti’. Soni’n’ menen bir qatarda milliy da’stu’rge say ha’m da’wir talaplari’na juwap bere ali’wshi’ sabaqlardi’ jarati’w boyi’nsha wortag’a u’lken ma’seleler qoyi’ldi’. Bul wori’nda baslawi’sh bilimlendiriw sabaqli’qlari’ni’n’ jan’a a’wladi’n jarati’wi’ ma’selelerine de u’lken itibar qarati’ldi’. Usi’g’an baylani’sli’ jan’a mazmundag’i’ sabaqli’qlardi’ jarati’w jumi’slari’na mektep mug’allimleri menen pedagogikali’q ilim izertlew ha’m pedagogikali’q institutlardi’n’ jetekshi metodistleri menen bir qatarda iri ali’mlarda bul iygilikli jumi’slarg’a jalp yetildi. Respublikadag’i’ bilimlendiriw sistemasi’ndag’i’ ba’rshe sabaqli’qlar forma ha’m mazmuni’ boyi’nsha jan’a ko’riniske iye boldi’.Jan’a a’wladtag’i’ sabaqli’qlardi’ jarati’w boyi’nsha global reformalar a’melge asi’ri’ldi’. Wolar u’zliksiz tu’rde du’zetilip ha’m toli’qti’ri’li’p bari’ldi’. Sabaqli’qlardi’ jetilistirilip bari’wda biraz jumi’slar a’melge asi’ri’ldi’. Soni’n’ menen birgelikte elektron sabaqli’qlartdi’ turmi’sqa yendiriw boyi’nsha is ilajlar ko’rilmekte. Ilyustraciyali’q materiallar jan’alani’p, multimediyalardi’ bilimlendiriw sistemasi’na yendiriw boyi’nsha biraz mashaqatli’ jumi’slar a’melge asi’ri’ldi’.

A’lbette kadrlardi’ tayarlawdi’n’ milliy da’stu’ri menen bilimlendiriw haqqi’ndag’i’ ni’zamni’n’ qabi’l yetiliwleri na’tiyjesinde bilimlendiriw sistemasi’ pu’tkilley jan’a ko’riniske iye boldi’.

Ba’rshe woqi’w wori’nlari’nda kompyuter menen jan’a pedagogikali’q texnologiyalardi’ yendirildi. Mug’allimler menen woqi’wshi’lar arasi’nda dosli’q qatnas tag’i’ sabaqlar ju’zege keldi. Buri’n’g’i’ awqam da’wirindegi ken’ qollang’an diktaturali’q qatnaslar saplasti’ri’ladi’. Bul wori’nda buri’nlari’ woqi’wshi’lar tek g’ana a’puiwayi’ ti’n’lawshi’lar bolsa, yendilikte wolar sabaqti’ sho’lkemlestiriwdin’ qatnasi’wshi’lari’ boldi’. Buri’n’g’i’ da’wirde mug’allimlerdin’ «menin’ aytqani’m aytqan, degenim degen, men bilgen na’rseni bilsen’de, bilmesende bilesen’» degen a’detke aylang’an hu’kimdarli’q usi’llari’

saplasti'ri'la basladi'. Uli'wma mug'allimlerdin' woqi'wshi'larg'a bolg'an qatnasi' tu'p tami'ri'nan wo'zgerdi. Albette usi'nday wo'zgerislerge baylani'sli', bilimlendiriw sistemasi'nda ba'rshe sabaqli'qlar forma ha'm mazmuni' boyi'nsha wo'zgerip bardi'.

Ba'rshe sabaqli'qlar jan'a pedagogikali'q texnologiyalar principi tiykari'nda du'zile basladi'. Bul ayti'lg'an ga'plerdin' ba'rshesi jan'a a'wladtag'i' sabaqli'qlardi' jarati'w boyi'nsha global jan'alani'wlardi'n' ju'zege kelgenligin an'latadi'.

## 1.7. Jan’a a’wladtag’i’ sabaqli’qlardi’n’ dizayni’ haqqi’nda.

Bilimlendiriw sistemasi’na yengen jan’a a’wladtag’i’ sabaqli’qlar mashqalasi’z bolmadi’. Bunday mashqalalardi’ birneshe toparlarg’a bo’liwge boladi’.

Baslawi’sh bilimlendiriw sabaqli’qlari’ ishindegi yen’ tiykarg’i’si’ boli’p yesaplang’an a’lipbe sabaqli’qlari’ni’n’ maydani’ wo’lshemi standart talaplari’na uliwma juwap bermeydi. Buni’n’ tiukarg’i’ sebebi, woni’n’ maydani’ wo’lsheminin’ u’lkenligine baylani’sli’ a’lipbe sabaqli’g’i’ woqi’wshi’lardi’n’ papkasi’na siymaytug’i’nli’g’i’ menen baylani’sli’ boli’p woti’r. albette ju’zege kelgen bunday jag’day woqi’wshi’lardi’n’ turmi’si’nda biraz qolaysi’zli’qlardi’ jaratadi’. Woqi’wshi’lar ha’r ku’ni a’lipbeni papkani’n’ ishine si’ydi’raman dep a’bigerleniwi yamasa papkani’n’ ishinen a’lipbeni alaman dep, woni’ zordan degende suwi’ri’p ali’wlari’ siyaqli’ qolaysi’z ko’rinisi menen ushi’rasami’z. Bul wori’nda qi’sqa mu’ddet ishinde a’lipbeni yamasa papkani’ jaramsi’z awhalg’a ushi’rag’anli’qlari’n ko’riw mu’mkin. A’lbette ju’zege kelgen bunday ko’rinistegi jag’daylar ata-analardi’n’ qaytadan sabaqli’q penen papkani’n’ sati’p ali’wlari’, wolardi’n’ materyalli’q jag’daylari’na keri ta’sir jasaytug’i’nli’g’i’ so’zsiz.

Bunnan basqa a’lipbenin’ qabi’ ju’da’ ha’m juqa ko’riniske iye. Ju’zege kelgen bunday jag’day sabaqli’qti’n’ tez arada jaramsi’z awhalg’a keletug’i’nli’g’i’n turmi’si’mi’zdi’n’ wo’zi ko’rsetip woti’r.

Jan’a a’wladtag’i’ sabaqli’qlardi’n’ ba’rshesi qatti’ karton menen qaplani’wlari’ za’ru’r yekenligi turmi’si’mi’zdi’n’ wo’zi ko’rsetip woti’r.

Illyustraciyali’q materiyallarg’a keletug’i’n bolsaq, wonda bul tarawda da ko’p jumi’slardi’ a’melge asi’ri’w kerek yekenligi ko’rinip turadi’. Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi baslawi’sh bilimlendiriw sabaqli’qlari’ndag’i’ ko’rsetilgen ko’pshilik illyustraciyalarda da’wir ko’rinisleri talap da’rejesinde korsetilmegen.

Ma’selen rekonstrukciyalang’an kolledjler, gimnaziyalar, liceylerdin’ imaratlari’n uli’wma ko’rmeymiz. Soni’n’ birge ha’zirgi zaman jari’q klassalr, zamanago’y mug’allimler menen woqi’p ati’rg’an woqi’wshi’lardi’n’ da su’wretleri menen tani’si’w imkaniyatlari’ joqti’n’ qasi’nda. Ju’zege kelgen bilimlendiriw

sistemasi’ndag’i’ bunday tu’rdegi ko’rinisler sabaqli’qlardi’n’ dizaynen wo’zgertiw ha’m wog’an bir qatar ani’qli’qlardi’n’ ko’rgiziwlerin talap yetedi.

## 1.8. Baslawi'sh bilimlendiriw sabaqli'qlari'ndag'i' baylani's kommunikaciyalari'ni'n' a'melge asi'ri'w ma'seleleri.

Baslawi'sh bilimlendiriw sabaqli'qlari'ni'n' tekstleri, woqi'wshi'lardi'n' qabi'l qi'li'w mu'mkinshiliklerine qay da'rejede say yekenligine ani'qli'qti'n' kirgiziliwi, bul sabaqli'qlardi'n' tiykarg'i' mazmuni'n quraydi' desek asi'ra aytqan bolmaymi'z. Bul wori'nda jas wo'spirimler nelerdi an'laydi'? nelerdi an'lay almaydi' degen sawallarg'a ha'zirshe toli'q juwaplarg'a iye yemespiz.Baslawi'sh bilimlendiriw sistemasi'ndag'i' sabaqli'qlar ishindegi ana tili, matematika, a'depnama, muzika, ta'biyattanii'w, su'wret, miynet sabaqli'qlari'ndag'i' du'zilgen tekstler ele woqi'wshi'larg'a toli'q sa'ykes kelmeytug'i'nli'g'i' ma'lim boli'p woti'r.Ha'zirgi ku'nge deyin matematika, ta'biyattani'w sabaqli'qlari'ni'n' tekstlerinin' toli'q lingvistikali'q informaciyali'q bazalari' du'zildi. Atap aytqanda bul sabaqli'qlardi'n' alfavitlik jiyilik so'zligi du'zilip, bul so'zlikler boyi'nsha woqi'wshi'lar neler an'laydi'?, nelerdi an'lay almaydi' degen sawallarg'a juwap tabi'la baslaydi'.

Ju'rgizilgen eksperementler na'tiyjesinde, sabaqli'qlardi'n' tekstleri woqi'wshi'larg'a qolayli' bolg'an janr wo'zgeshelikleri itibarg'a ali'nbag'anli'g'i' belgili boldi'.

Aldi'n ala ju'rgizilgen eksperementlerge qarag'anda, ba'rshe baslawi'sh klass sabaqli'qlari'ni'n' tekstlerinde woqi'wshi'lar ta'repinen qabi'l qi'li'nbaytug'i'nli'g'i'n leksikali'q birliklerdin' sani' 90-120 arali'qlari'nda jatatug'i'nli'g'i' boljani'p ati'r. A'lbette bunday ko'lemdegi sanli'q mug'darlari' astronomiyali'q ko'rsetkish si'pati'nda bahalawg'a boladi'. Sol sebepli baslawi'sh bilimlendiriw sabaqli'qlari'ni'n' tekstleri boyi'nsha reforma ju'rgiziw, ha'zirgi ku'nnin' wo'z sheshimin ku'tip turg'an a'hmiyetli ma'selelerinin' biri boli'p yesaplanadi'. Bul wori'nda baslawi'sh klass metodikasi' boyi'nsha ju'rgizilgen izertlew jumi'slari' birinshi gezekte, sabaqli'qlardi'n' tekstleri boyi'nsha baylani'sti'ri'li'p baradi'.

Ha'zirgi ku'nde baslawi'sh bilimlendiriw metodikasi'ndag'i' ali'p bari'lip ati'rg'an izertlewlerge jan'a mazmunni'n' kirgiziliwleri da'wirdin' wo'zi talap

yetip ati’r. Nege degende da’stu’rge aylang’an metodikali’q izerlewlerde, primitivizmnin’ wori’n alg’anlari’n ko’riw mu’mkin.Ma’selen ha’r qanday izertlenip ati’rg’an metodika obekt – ug’i’m- jazi’w izbe-izligi boyi’nsha ali’p bari’ladi’. Al negizinde bolsa, woqi’wshi’lardi’n’ a’lemdegi biliw ko’nlikpeleri ju’da’ ha’m quramali’ qubi’li’s boli’p yesaplanadi’. Bul wori’nda wo’qi’wshi’lar ta’repinen anaw yamasa mi’naw obekt boyi’nsha ju’zege keletug’i’n bilim ko’nlikpeleri tomendegi ta’biyg’i’y qubi’li’slari’ arqali’ ju’zege keledi. Atap aytqanda da’slep a’lemdegi obekt woqi’wshi’lardi’n’ seziw organlari’ arqali’ wolardi’ miyinde sa’wlelenedi. Wonnan keyin sa’wlelengen obekt wolardi’n’ miyinde belgili bir tartiplengen ha’rip shi’nji’rlari’ arqali’ belgilenedi. Woqi’wshi’lardi’n’ miyindegi belgilengen ha’rip shi’nji’rlari’nan du’zilgen so’z yamasa so’z forma jazi’w yamasa dawi’s arqali’ belgilengen ma’nzilge signal ta’rizde jetkeriledi. Yag’ni’y bul wori’nda so’z yamasa so’z formalardi’n’ jazi’w yamasa wolardi’n’ dawi’s arqali’ beriliwleri tiykarg’i’ signal ko’rinisi boli’p yesaplanadi’. Demek to’mendegi ko’rinistegi to’rt basqi’shli’ sistema woqi’wshi’lardi’n’ a’lemdegi obektleri boyi’nsha ju’zege keletug’i’n bilim ko’nlikpeleri si’pati’nda bahalawg’a boladi’.




Bul bilim ko’nlikpeleri boyi’nsha du’zilgen sistemada, yen’ quramalasi’ yekinshi basqi’sh boli’p yesaplanadi’. Yekinshi basqi’shi’, ko’rip turg’ani’mi’zday sa’wleleniw qubi’li’si’ bo’li’p yesaplanadi’. Bul basqi’shti’n’ ishinde, sa’wlelengen obekt penen bir qatarda woqi’wshi’ardi’n’ obekti haqqi’ndag’i’ tuykarg’i’ tu’sinikleri qa’liplesedi. Soni’n’ ushi’nda bul basqi’sh biliw ko’nlikpelerindegi yen’ quramali’si’ boli’p tabi’ladi’.

A’lbette bul wori’nda baslawi’sh bilimlendiriw sabali’qlari’ni’n’ tekstlerindegi ushi’rasatug’i’n ba’rshe leksikali’q birliklerdi, joqari’dag’i’ atap wo’tilgen to’rt basqi’shli’ sistema boyi’nshasinawdan wo’tkeiw duri’s sheshim boli’p

yesaplanadi’. Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi, woqi’wshi’lar janr wo’zgesheliklerin yesapqa alg’an halda, tekstlerdi tan’law arqali’ wolar nelerdi an’laydi’?- degen sawallarg’a juwap tabi’wi’mi’z ha’m wolarg’a aydi’nli’q kiritiw mu’mkinshiliklerine iye bolatug’i’nli’g’i’mi’z mu’mkin.

## 1.9.Baslawi'sh bilimlendiriw sabaqli'qlari'ni'n' bilimlendiriw ja'ma'a'tindegi worni'.

Ha'zirgi ku'ndegi baslawi'sh bilimlendiriw sabaqli'qlari'ni'n' belgili bir bag'arg'a iye boli'wshi'li'q jag'daylari'na ani'q bir baha beriw metodikali'q ilim izertlew jumi'slari'na qoyi'lg'an principiyal talaplardi'n' biri boli'p yesaplanatug'i'nli'g'i' so'zsiz.Nege degende sabaqli'qlardi'n' yerten'gi ku'ndegi beretug'i'n na'tiyjeleri, wolardi'n' duri's jolg'a bag'darlani'wshi'li'q jag'daylari' menen ti'g'i'z baylani'sli' yekenligin umi'tpawi'mi'z kerek.

Ha'zirgiku'ndegi jan'a a'wlad sabaqli'qlari' boli'p yesaplang'an ana tili , ta'biyattani'w, matematika muzika ha'm tag'i' da basqa sabaqli'qlardi'n' bag'dari' ko'p mi'nli'q mug'allimler ja'ma'a'tinin' pikirlerine su'yengen halda yemes, ba'lki bir topar avtorlar ja'ma'a'ti ta'repinen du'zilgen pikirlew shen'beri do'gereginde du'zilgenligin ko'remiz.

A'lbette bul wori'nda ayri'qsha atap wo'tetug'i'n worayli'q ma'selelerdin' biri si'pati'nda Qaraqalpaqstan respublikasi'nda pedagogikali'q iskerliklerin ali'p baratyug'i'n mug'allimler ja'ma'a'tinin' sabaqli'qlari' boyi'nsha recenziyalardi' jazi'w ko'nlikpelerine iye yemesligi meneen ti'g'i'z baylani'sli' yekenligi ma'lim boldi'. Biraqta bunday tu'rdegi recenziyalardi' jaza almag'ani' menen, sabaqli'qlardag'i' wori'n alg'an jetiskenlikleri menen kemshiliklerge aydi'nli'qlardi' bere ali'wi' ko'nlikpeleri «qanaatlandi'rarli'q» da'rejede yekenligi ma'lim boldi'.Bunday ko'rinistegi bahani' to'mendegi ju'rgizilgen si'nawlar arqali' ani'qlanadi'. Da'slep ju'rgizilgen si'naw jumi'slari'ni'n' rejeleri du'zildi. Bul reje tiykari'nan alg'anda alti' ko'rinisten ibarat boldi'.

**Birinshi ko'rinis:** Tiykari'nan alg'anda bir sabaqli'q ta'jiriybe si'naw maydani'na kiritildi. Ta'jiriybe si'naw maydani'na kiritilgen sabaqli'q bul a'lipbe boldi'.

Birinshi ko'riniste a'lipbe sabaqli'g'i' boyi'nsha uli'wma mashqalali'q ma'seleler wortag'a qoyi'ldi'. Bul sabaqli'qti'n' ha'zirgi jag'dayi', wolardi' jetilistiriw jumi'slari' boyi'nsha sholi'w jumi'slari a'melge asi'ri'ladi'.

**Yekinshi ko’rinis:** Bolsa, jan’a a’wladtag’i’ sabaqli’qlardi’ du’ziw, wolardi’ jetilistiriw ha’m alg’a qoyi’lg’an wazi’ypalari’ boyi’nsha 10-15 minut dawami’nda konspekt jazi’ladi’. Konspekt tekstleri tiykari’nan alg’andajan’a awladtag’i’ sabaqli’qlar boyi’nsha man’i’zli’ ma’selelerge bag’i’shlanadi’. Al bul ma’sele boyi’nsha ayti’li’p ati’rg’an uli’wma ga’pler konspekt ishinde kiritilmeydi.
Joqari’da ati’ atalg’an yeki ko’rinis tiykari’nan alg’anda ta’jiriybe si’naw maydani’nda wo’tkeriletug’i’n eksperement jumi’slari’na tayarli’q boli’p yesaplanadi’.

**U’shinshi ko’rinis:** A’lipbe sabaqli’g’i’ boyi’nsha baslawi’sh klass mug’allimlerinin’ pikirleri, toplamlari’ du’ziledi. Bunday pikirge, birinshi gezekte wolardi’n’ sabaqli’q boyi’nsha Bergen bahalari’ eksperement jumi’si’na kiritile baslaydi’. Baslawi’sh klass mug’allimleri ta’repinen a’lipbe sabaqli’g’i’na qoyi’latug’i’n bahalar bes shkalali’q wo’lshemde qoyi’ladi’. Atap aytqanda sabaqli’g’i’ «bes» da’rejesinde du’zilgen be? «to’rt» da’rejesinde du’zilgen be? «u’sh» da’rejesinde du’zilgen be? Bu’ wori’nda «yeki» da’rejesinde du’zilgen be? – degen baha eksperement si’naw maydani’na kiritilmedi.

Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi, a’lipbe sabaqli’g’i’ sonsha ko’p basqi’shta wo’tip, baspa s’zde jari’q ko’riw menen baylani’sli boli’p woti’r. Basqasha so’z benen aytqandasabaqli’q quramali’ sistemadan wo’tkennen keyin g’ana mug’allimler menen woqi’wshi’lardi’n’ qoli’na jetip keledi. Demek sabaqli’qti’n’ bahasi’ «yeki» boli’wi’ mu’mkin yemes.

Bunnan basqa a’lipbe sabaqli’g’i’na baha qoyarda «Juwap beriwge qi’ynalaman»- degen mug’allimlerdin’ mu’na’sebeti eksperement jumi’si’na jaqi’nlasti’ri’lmaydi’. Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi bunday tu’rdegi ta’jiriybe si’naw maydani’nda diplomli’ basalwi’sh klass mug’allimleri qatnasatug’i’nli’g’i’n yesapqa alatug’i’n bolsaq, wonda diplomli’ qa’nigeler wo’zlerinin’ ha’r ku’ni paydalanatu’g’i’n woqi’w qurallari’na baha beriw mu’mkinshiliklerine a’lbette iye boli’wlari’ tiyis.

Wo’tkerilgen ta’jiriybe si’naw maydani’nda baslawi’sh klass sabaqli’qlari’na berilgen baha «4» yamasa «5» bahani’n’ beriletug’i’nli’g’i’ ani’qlanadi’. Bunday

tu’rdegi eksperement jumi’slari’ wo’tkerilip boli’ng’annan keyin  piker almasi’w ko’rinisine wo’tiledi.

**To’rtinshi ko’rinis:** Bul ko’rinis toli’g’i’ menen dderlik wo’z-ara dosli’q formasi’ndag’i’ piker almasi’w ko’rinisinde  wo’tiledi.

Da’slep belgili bir sabaqli’qqa bes bahasi’n qoyg’an mug’allimlerdin’ pikirleri ti’n’lanadi’. Bul piker tiykari’nan alg’anda, nelerge tiykarlani’p sabaqli’qqa bes qoyi’lganli’g’i’ haqi’nda g’i’ pikirler toplami’ ji’ynaladi’. A’dette sabaqli’qti’n’ jetiskenliklerin tiykarlap ko’rsetiwshi pikirler jag’daylarda alti’ yamasa jeti poziciyadan turatug’i’n ko’rinisten ibarat boladi’. Bunday ko’rinistegi pikirler toplami’n awditoriyada «plyusler» toplami’ dep sha’rtli tu’rde belgilep wo’temiz.
Bunnan keyin sabaqli’qti’n’ kemshiliklerin ko’rsetetug’i’n «minus» toplami’n du’ziw jumi’slari’ a’melge asi’ri’ladi’. Sabaqli’qlar boyi’nsha bildirilgen kemshilikler, «4» ha’m «3» bahasi’n qoyg’an metodistlerden sorala baslanadi’. Ta’jiriybe si’naw maydani’nda sabaqli’q boyi’nsha bildirilgen «minus» pikirleri, ko’pshilik jag’daylarda jeti yamasa segiz poziciyadan turadi’.

**Besinshi ko’rinis:** Ta’jiriybe si’naw maydani’ndag’i’ ba’rshe «plyus» ha’m «minus» pikirleri ji’ynali’p boli’ng’annan keyin, sabaqli’q boyi’nsha ali’p bari’li’p ati’rg’an son’g’i’ ilim izertlew jumi’slari’ni’n’ juwmaqlari’ arnawli monografiyali’q yamasa ilimiy maqalalardan ali’ni’p awditoriyada yesittiriledi. Bul izertlewlerde bir Qatar sabaqli’qlarg’a bildirilgen wo’tkir kritikali’q si’n pikirleri de wori’n alg’an boladi’.

**Alti’nshi’ ko’rinis:** Bul ko’riniste ta’jiriybe si’naw maydani’ndag’i’ analizlenip ati’rg’an sabaqli’qqa bes bahasi’n qoyg’an metodistlerdin’ pikiri ti’n’lanadi’. Yag’ni’y sabaqli’q boyi’nsha bildirilgen kemshilikler boyi’nsha wolardi’n’ pikirleri u’yreniledi. Basqasha so’z benen aytqanda sabaqli’q boyi’nsha bildirilgen kemshilikler duri’s pa? yamasa duri’s yemes pe?- degen sawallar beriledi.

**Jetinshi ko’rinis:** Sabaqli’q boyi’nsha u’shinshi ko’rinis siyaqli’ eksperiment qaytadan wo’tkeriledi. Eksperimenttin’ juwmaqlari’na qarag’anda sabaqli’qqa bes

bahasi'n qoyg'an metodistlerdin' 90-95%i yendigiden bi'lay sabaqli'qqa qoyg'an bahasi' bes yemes ba'lki to'rt bahasi'na tu'setug'i'nli'g'i'n ko'remiz.

**Segizinshi ko'rinis:** Bul ko'riniste awditoriyada sabaq ali'p barg'an lektordi'n' sabaqli'q boyi'nsha pikiri ha'm awditoriyada ali'p bari'lg'an eksperimentlerdin' na'tiyjeleri, analizleri menen juwmaqlanadi'.

## 1.10.Ali’ng’an na’tiyjeler ha’m usi’ni’slar:

Segiz ko’rinisten ibarat ta’jiriybe si’naw maydani’ndag’i’ ali’p bari’lg’an bunday tu’rdegi sabaq to’mendegi na’tiyjelerdi beretug’i’nli’qlari’ ani’qlandi’.

**-Birinshi:** Metodist mug’allimlerdin’ sabqli’q boyi’nsha yerkin pikirlew ko’nlikpelerinin’ bir adi’m bolsa da alg’a qaray ilgerilewine tiykar saladi’.

**-Yekinshiden:** Wolardi’n’ sabaqli’q boyi’nsha si’n beriw ko’nlikpeleri jetilisedi.

**-U’shinshden:** Ku’ndelikli paydalani’p woti’rg’an sabaqli’qlar boyi’nsha recenziya jazi’w ko’nlikpeleri ju’zege keledi’.

**-To’rtinshiden:** Sabaqli’q boyi’nsha ushi’rasqan kemshiliklerdi wori’nlarda saplasti’ri’p bari’w mu’mkinshilkleri tuwi’ladi’.

-**Besinshiden:** Xali’q bilimlendiriw tarawi’ndag’i’ jan’a a’wladtag’i’ sabaqli’qlardi’ jetilistiriw ha’m wolardi’n’ rawajlani’wi’ ushi’n wo’z u’leslerin qosi’w mu’mkinshilikleri de ju’zege keledi.

Joqari’dag’i’ bes poziciya boyi’nsha ali’ng’an na’tiyjeler tiykari’nda to’mendegi usi’ni’slardi’ atap wo’ti’wge boladi’.

1.Woqi’wshi’lar ja’ma’a’tinin’ ti’n’lawshi’ yemes, ba’lki sabaqti’ sho’lkemlestiriwshi si’pati’nda qatnasi’wlari’ tiyis. Wolar sabaqti’ sho’lkemlestiriwde basta n ayag’i’na deyin qatnasi’wdi’ za’ru’r yekenligin umi’tpawi’mi’z kerek.

2. Mug’allim sabaqti’ wo’tiw procesinde, ko’rinislerdi wo’zgertip bari’w jumi’slari’na mu’mkinshiligi bari’nsha yerisiwleri tiyis. A’lbette bir ko’rinisten yekinshi ko’riniske wo’ter waqi’tlari’ndag’i’ ali’p bari’p ati’rg’an is-ilajlar woqi’wshi’lardi’n’ sezbey qali’w jag’daylari’na da ta’miynlep bari’w za’ru’r.
Bul wori’nda sabaqti’ ali’p bari’w bari’si’nda mu’g’allimlerden u’lken pedagogikali’q ta’jiriybelerdi talap yetiletug’i’nli’g’i’ so’zsiz.

3. Baslawi’sh bilimlendiriwdegi wo’tilgen sabaqli’qlardi’ to’rt ko’rinisten sho’lkemlestiriw, maqsetke muwapi’q boli’p yesaplanadi’.

-Birinshi u’yge tapsi’rmalardi’ soraw ha’m bul tapsi’rmalardi’ wori’nlag’an woqi’wshi’larg’a i’layi’qli’ bahalari’n beriw:

- Yekinshi taza temani’ wo’tiw:

-U’shinshi taza temani’ bekkemlewde didaktikani’ paydalani’p wo’tiw

-To’rtinshisi wo’z betinshe jumi’slardi’ sho’lkemlestiriw. Bul ko’rinislerdin’ ba’rshesi 40-45 minut ishinde a’melge asi’ri’wlari’ tiyis boladi’. Joqari’dag’i’ ko’rsetilgen u’sh usi’ni’s, baslawi’sh bilimlendiriw sabaqli’qlari’n woqi’ti’wda wo’zinin’ unamli’ na’tiyjelerin beredi.

## II-BAB U'shinshi klass sabaqli'qlari' tekstlerinin' kvantitativlik tipologiyali'q analizi.

### 2.0.Da'slepki yeskertiwler.

Til biliminde izertlewdin' tu'rli usi'llari' bar. Atap aytqanda sali'sti'rmali', tariyxi'y, grammatikali'q, leksikali'q, fonetikali'q h.t.b. bul metodlar arqali' tilimizdegi boli'p ati'rg'an a'lwan tu'rli qubi'li'slardi' ani'qlawg'a ja'rdem yetedi.
Bul ayti'lip ati'rg'an metodlardi'n' wo'zine i'layi'q izertlew mu'mkinshilikleri bar. Sonli'qtan da izertlenip ati'rg'an obektti izertlewshi wo'zine qolayli' boli'p yesaplang'an metodlardan paydalanadi'.

Geypara waqi'tlari' qoyi'li'p woti'rga'n mashqalani'n' tu'rine qaray u'yrenip ati'rg'an obektlerge tek g'ana bir waqi'tti'n' wo'zinde bir neshe metodlardi' jalp yetiwi mu'mkin. Albette bunday jag'dayda wortag'a qoyi'li'p woti'rg'an mashqala bir qansha quramali'law bolg'anda izertlewge bir neshe metodlar jalp yetiletug'i'nli'g'i' ilimde boli'p ati'rg'an ta'jirioybeler ko'rsetti.

Yegerde jigirmalanshi'asirdin basi'nda ilimler tu'rli tarawlarg'a aji'ralg'an bolsa, al jigirmalanshi' a'sirdin' yekinshi yari'mi'nda bul ilimler qosi'li'p izertlew obektlerin birgelikte ali'p barati'r. Ma'selen matematikali'q ximiya ha'm t.b.
Soni'n' menen birgelikte bul da'wirde modellestiriw metodlari' ilimnin' tu'rli tarawlari'nda paydalani'li'p wo'zinin' salmaqli' worni'n ilimde belgilep wo'tti. Bul metodlar soni'n' menen birgelikte til biliminde de ken' wori'n ali'p, paydalani'w wo'risi ken'eyedi. Ja'miyetshilik modellestiriw metodlari'n ta'n aldi'.

## 2.1.Kvantitativlik modellestiriwdin’ tiykarg’i’ wo’zgeshelikleri.

Til bilimindegi fonetikali’q , grammatikali’q ha’m sali’sti’rmali’ tariyxi’y ha’m de tag’i’ basqa metodlar tikkeley baqlaw metodlari’ degen at penen ilimde belgili. Biraqta obektler u’yrenilip ati’rg’an waqi’tlarda (bizlerdin’ jag’dai’mi’zda u’yreniliwshi obekt bul tekstler) tikkeley baqlaw metodlari’ni’n’ ku’shi jetpeytug’i’n jag’daylar da boladi’. Atap aytqanda bul obektlerdin’ ishki du’zilisindegi boli’p ati’rg’an si’rli’ qubi’li’slari’ menen qa’siyetlerin tikkeley baqlaw metodlari’ arqali’ ani’qlaw wo’te mu’mkin boladi’. Bunday tu’rdegi qi’yi’nshi’li’q, tiykari’nan alg’anda obektlerdin’ makro yamasa mikro razmerleri yamasa wolaedi’n’ boli’p ati’rg’an processlerdin’ wo’te quramali’li’g’i’ menen ti’g’’z baylani’sli’ boladi’. Albette, bunday ja’gdayda adamni’n’ organizimi u’yrenilip ati’rg’an obektlerdin’ makro yamasa mikro razmerlerine baylani’sli’ bul obektlerdi tikkeley baqlaw mu’mkinshiligine iye bola almaydi’. Sebebi, adam organizminin’ seziw mu’mkinshilikleri sheksiz yemes.

Bunday bo’getlerden quti’li’w ushi’n ilim modellestiriw metodlari’n woylap tapti’. Bul metodti’n’ mazmuni’ sonnan ibarat u’yrenilip ati’rg’an obekttin’ makro yamasa mikro razmerliklerde iye bolg’an, yamasa obekttin’ ishki quri’lmasi’nda boli’p ati’rg’an a’lwan tu’rli processlerdin’ ha’dden ti’s quramali’ bolg’an yag’ni’y adam organizminin’ sezim organlari’na izertlewge qolayli’ bolg’an yekinshi bir obekt saylani’p ali’nadi’. Bul saylani’p ali’ng’an obekttin’ modeli dep ataydi’. Al izertlenip ati’rg’an obekt bolsa ilimde natural obekt dep ataydi’.

Demek, bul jerde natural obekt penen model arasi’ndag’i’ qatnaslar arqali’ izertlenilip ati’rg’an obektlerdegi boli’p ati’rg’an si’rli’ qubi’li’slardi’ ashi’w wo’zgeshelikleri arqali, ilimde modellestiriw metodlari degen atama menen wori’n alg’an.

## 2.2.Kvantitativlik modellestiriwdin’ qag’i’ydalari’.

1.Tikkeley baqlaw metodlari’ siyaqli’ modellestiri’w metodlari’ni’n’ da izertlew uqi’pli’li’g’i’ni’n’ mu’mkinshiligi de sheksiz yemes. Bunday tu’rdegi izertlew metodlari’ni’n’ shegaralani’wshi’li’g’i’, tiykari’nan alg’anda modeldin’ natural obektti almasti’ra almawshi’li’q kemshiligi menen ti’g’i’z baylani’sli’.

Ma’selen, globusti’ alsaq wol jer shari’ni’n’ modeli xi’zmetin atqara aladi’. Bu; globus arqali’ jer shari’ haqqi’nda bir qansha a’hmiyetli bolg’an mag’li’wmat alsaq ta, biraqta wol hesh waqi’tta planetani’ almasti’ra almaydi’.
A’lbette, bunday qubi’li’s modellestiriw metodlari’ni’n’ qoyi’latu’g’i’n birinshi qag’i’ydalari’ni’n’ biri boli’p yesaplanadi’.

Tap sol siyaqli’ belgili bir tarawdag’i’ janrlardi’n’ tekstleri boyi’nsha du’zilgen alfavitli jiyilik so’zliklerindegi alfavit ta’rtibi boyi’nsha jaylasti’ri’lg’an so’z formalari’n qaraqalpaq tilinin’ leksikologiyasi’ndag’i’ ha’m stilistikasi’ndag’i’ leksikali’q birliklerdin’ bo’listiriw itimalli’qlari’n modellestiredi. Tap sol siyaqli’ bul so’zliktin’ de wo’zine ta’n kemshilikleri de wori’n alg’an. Ma’selen so’zlikte alfa ta’rtibindegi berilgen leksikali’q birlikler yaki semantikali’q yamasa sintaksislik valentliklerdin’ qag’i’ydalari’n yesapqa almaydi’.

2. Natural obekt penen model o’zinin’ quramali’li’g’i’ menen aji’ralg’anda g’ana modellestiriw metodlari’n paydalani’w maqsetke muwapi’q boli’p yesaplanadi’. Yegerde natural obekt penen model wo’zinin’ a’piwayi’li’li’g’i’ menen aji’rali’p tursa, wonday jag’dayda modellestiriw hesh mazmung’a yamasa a’hmiyetke iye bolmaydi’. Bunday jag’dayda izertlew jumi’slari’nda modellestiriw metodlari’ paydalani’lmaydi’.

Ma’selen, Jumagu’l mektepten keldi degen ga’pke modellestiriw metodlari’n paydalani’w hesh qanday a’hmiyetke iye yemes.

3. Natural obekt penen model arasi’ndag’i’uqsasli’qqa itibar beriw lazi’m. Bunday uqsasli’qlar arqali’ modelden ali’ng’an informaciyalardi’ natural obektlerde ha’r qi’yli’ qatnaslar ja’rdeminde (izmorf, gomomorf) wo’tkeriw arqali’ bul obektlerdegi boli’p ati’rg’an qubi’li’slardan u’yreniwge boladi’.

4. Mo’del wo’zini’n’ everistikali’q qa’siyeti menen aji’rali’p turi’wi’ tiyis. Bunday everistikali’q qa’siyetleri arqali’ ilimde jan’a teoriya ha’m ideyalardi’ qa’liplestiriwi tiyis. Ma’selen, so’z yamasa so’z formalardi’ jiyilik so’zliklerin du’ziw ha’m izertlew arqali’ u’yrenilip ati’rg’an tekstlerdegi statistikali’q modeller arqali’ tekslerdin’ qa’siyetlerin ani’qlaw mu’mkinshilikleri payda boladi’.

5.Modeldin’ sociyalli’q a’hmiyetin a’melde tekseriw arqali’ ani’qlaw maqsetke i’layi’q boladi’. Demek woni’n’ evrestikali’li’g’i’ a’meldegi na’tiyjeler arqali’ bahalanadi’.

## 2.3.U’shinshi klass qaraqalapq tili  sabaqli’g’i’ni’n’ leksikali’q statistikali’q analizi.

U’shinshi klass qaraqalpaq tili sabqli’g’i’ni’n’ tekstleri boyi’nsha ju’rgizilgen lingvinstikali’q-statistikali’q si’nawlar na’tiyjesinde 15520 so’z qollani’li’wi’ ani’qlani’p, wonda 5337 so’z formasi’na iye yekenligi ani’qlandi’.

Izertlenip ati’rg’an tekstlerde joqari’ jiyilikli, worta ha’m to’men jiyiliklerdegi so’z formalari’ qatnasatug’i’nli’g’i’ menen bir qataqda siyrek gezlesetug’i’n so’z formalari’ tekstlerde wori’n alg’an. Yendi joqari’ jiyiliklerge iye so’z formalari’ menen tani’sayi’q.

### Atliqlar:

So’z shaqaplari’ boyi’nsha joqari’ jiyiliklerine iye atli’qlar basqa so’z shaqaplari’na qarag’anda ayri’qsha ko’zge taslanadi’. Ma’selen: atli’q (F-2),balalar (F-46), bas (F-27), da’pterin’izge (F-46), ga’p (F-73), ga’plerden (F-30),ga’plerdi (F-29), ha’reketin (F-37), ha’rip (F-21), ha’riplerinin’ (F-20), xabar (F-20), irkilis (F-23), ishinen (F-22), jerde (F-20), juwap (F-22), keme (F-47), keyninen (F-29), di’qqat (F-22), kitap (F-24), bayanlawi’sh (F-28), bayanlawi’shlar (F-30), bayanlawi’shlardi’n’ (F-29), ku’ni (F-22), tiyislisin (F-32),mektep (F-21), mi’sali’ (F-24), miynet (F-22), mug’allim (F-33), noqatti’n’ (F-46), woqi’wshi’lar (F-36), worni’na (F-52), ses (F-20), sesler (F-25),sesten (F-25), soraw (F-40), sorawlar (F-76), sorawlarg’a (F-32), sorawlari’n (F-30), so’z (F-80), so’zdin’ (F-55), so’zler (F-60), so’zlerdi (F-175), so’zlerdin’ (F-104), suw (F-46), terekler (F-22), tu’bir (F-49), u’lgi (F-50), u’ndew (F-28), u’stine (F-24), shi’ni’g’i’w (F-442), qosi’qti’ (F-21).

### Feyiller:

Qollani’w aktivligi jag’i’nan atli’qlardan keyin turatug’i’n bul feyiller so’z shaqabi’na tiyisli bolg’an so’z formalari’ boli’p yesaplanadi’. Mi’sal si’pati’nda to’mendegilerdi keltirsek boladi’: ati’r (F-26), ayti’p (F-111), berilgen (F-59), degen (F-61), jazi’p (F-20), ju’r  (F-40), keldi (F-35), kelgen (F-26), baylani’si’p

(F-33), baylani’sti’ri’p (F-29), ko’shirip (F-212), woqi’n’ (F-95), woqi’ydi’ (F-20), sizin’ (F-66), tabi’n’ (F-26), tawi’p (F-54), terip (F-30),tur (F-89), turadi’ (F-23), qarap(F-27), qatnasti’ri’p (F-25), qoyi’lg’an (F-21), qoyi’n’ (F-58), qoyi’p (F-69).

**Kelbetlikler:**

Aktiv gezlesetug’i’n kelbetlikler si’pati’nda to’mendegi so’z formalardi’ keltirsek boladi’: boli’mli’ (F-25), boli’msi’z (F-26), dawi’sli’ (F-25), dawi’ssi’z (F-20), jaqsi’ (F-53), jan’a (F-23), juwan (F-26), ken’ (F-25), tiyisli (F-87), u’lken (F-32), u’nsiz (F-20), to’mendegi (F-72).

**Sanli’qlar:**

Aktiv gezlesetu’g’i’n sanli’qlar so’z shaqabi’na derek bolg’an so’z formalari’ birinshi ha’m yekinshi klass qaraqalpaq tili sabaqli’qlari’ni’n’ tekstleri siyaqli’ wonsha ko’p so’z formalari’ gezlespeydi. Atap aytqanda ja’mi boli’p 4 tu’rdegi so’z formalari’n mi’sal si’pati’nda keltiriwge boladi’: bir (F-64), birinshi (F-21), yeki (F-67), u’sh (F-25),

**Almasi’qlar:**

U’shinshi klass qaraqalpaq tilinin’ sabaqli’g’i’nda qollani’latug’i’n almasi’qlar birinshi ha’m yekinshi klass qaraqalpaq tili sabaqli’g’i’ni’n’ tekstlerine qarag’anda bir qansha ko’birek gezlesedi. Mi’sal si’pati’nda wolardi’n’ tomendegi formalari’n keltireyik: bizler (F-36), ha’r bir (F-54), wolardan (F-46), wolardi’n’ (F-126), wo’z (F-20), sen (F-20), sol (F-27), qalay (F-22), qaysi’ (F-83), kim (F-36).

**Ra’wishler:**

Izertlenip at’irg’an tekstlerde ra’wishlerdin’ paydalani’w mu’g’dari’ az. Bul qubi’li’s birinshi ha’m yekinshi klasslar ushi’n arnalg’anqaraqalpaq tili sabaqli’g’i’ni’n’ tekstlerinde bayqaladi’. Paydalani’lg’an aktiv ra’wishler si’pati’nda keltirsek boladi’: da’slep (F-25), jazda  (F-20), ko’p (F-98).

## Ko’mekshi so’zler:

Aktiv gezlesetug’i’n ko’mekshi so’zlerdin’ tu’rleri izertlenip ati’rg’an tekstlerde kem ushi’rasadi’. Wolardi’n’ ishinde aktiv tu’rleri boli’p to’mendegi tu’rlerin mi’sal si’pati’nda ko’rsetiwge boladi’: yekenligi (F-23), menen (F-130), qaray (F-39).

## Modal so’zler:

U’shinshi klass qaraqalpaq tili sabaqli’g’i’ni’n’ tekstlerinde tek g’ana bir (F-66), modal so’zi qollani’lg’an. Bul qubi’li’s sonday-aq birinshi ha’m yekinshi klass qaraqalpaq tili sabaqli’g’i’nda da wori’n alg’an.

## 2.4.U’shinshi klass sabaqli’qlari’ tekstlerindegi so’z formalari’ni’n’ wortasha qaytalani’w jiyilikleri.

Izertlenip ati’rg’an tekstlerdegi leksikali’q birliklerinin’ wortasha qaytalani’w jiyiliklaerin ani’qlaw kvantitativlik- tipologiyali’q izertlewde u’lken a’hmiyetke iye. Bul wo’lshemler kvantitativlik lingvistikada to’mendegi formula arqali’ yesaplanadi’.

$$F_{o/q} = \frac{N}{L_{c/f}}$$

Bul formula $F_{o/q}$ – wortasha qaytalani’w jiyiligi, **N-** izertlenip ati’rg’antekstlerdegi so’z qollani’li’slar ko’lemi, al $L_{c/f}$ - bolsa so’z formalari’ni’n’ uli’wma qollani’li’slar sani’.

U’shinshi klass qaraqalpaq tili, u’shinshi klass matematika u’shinshi klass ta’biyattani’w sabaqli’qlari’ni’n’ tekstlerindegi ha’rbir so’zformasi’ni’n’ wortasha qaytalani’w jiyiliklerine na’zer salar yekenbiz, wonda qaraqalpaq tili ha’m ta’biyattani’w sabaqli’qlari’ndag’i’ ha’r bir so’z formani’n’ wortasha qaytalani’w jiyiliklerinin’ tomen ko’rsetkishke iye yekenliklerin ko’remiz. (1-tablica)

Atap aytqanda u’shinshi klass qaraqalpaq tili sabaqli’g’i’ndag’i’ tekstlerde ha’r bir so’z formani’n’ wortasha qaytalani’w jiyiligi $F_{o/q}$ =3 ke ten’ bolsa,al ta’biyattani’w sabaqli’g’i’ndag’i’ tekstlerde qollani’lg’an ha’rbir so’z formani’n’ wortasha qaytalani’w jiyiligi $F_{o/q}$ 2,85 ke ten’ yekenligin ko’riw mu’mkin.

**Tablica 1**

**U'shinsh klass sabaqli'qlari' tekstlerindegi so'z formalari'ni'n' wortasha qaytalani'w jiyilikleri.**

| **Sabaqli'qlardi'n' tu'rleri** | N | Lc/f | Fo/q |
|---|---|---|---|
| **U'shinshi klass qaraqalpaq tili sabaqli'g'i'** | 15520 | 5337 | 3,00 |
| **U'shinshi klass matematika sabaqli'g'i'** | 22899 | 3668 | 6,24 |
| **U'shinshi klass ta'biyattani'w sabaqli'g'i'** | 17758 | 6221 | 2,85 |

Al matematika sabaqli'g'i'ni'n' tekstlerindegi ha'r bir so'z formani'n' wortasha qaytalani'w jiyilikleri qaraqalpaq tili ha'm ta'biyattani'w sabaqli'qlari'ni'n' tekstlerine qarag'anda a'dewir joqari' turadi'. ($F_{o/q}$ = 6,24).

Ha'r qanday jani'rdi'n' jetlistiriwindegi wortasha qaytalani'w jiyilikleri to'men bolg'an sayi'n wol sonshelli ra'n'-ba'ra'n' ha'm bay boli'p keledi. Al bul ko'rsetkish qanshellik da'rejede joqari' bolg'an sayi'n woni'n' ra'n-ba'ra'n'likleri to'men ha'm leksikali'q bayli'g'i' to'men boladi'. Demek bizlerdin' bunday kvantitativlik-tipologiyali'q izertlewlerimizde u'shinshi klass qaraqalpaq tili ha'm u'shinshi klass ta'biyattani'w sabaqli'qlari'ni'n' leksikasi' bay boli'p keledi.

Ju'zege kelgen bunday tu'rdegi ayri'qshali'qlar baslawi'sh bilimlendiriw sabaqli'qlari'ni'n' tekstleri menen woqi'wshi'lar ja'ma'a'ti arasi'ndag'i' baylani's kommunikaciyalari'ni'n' wo'zgesheliklerin ju'zege keltiredi.

Sabaqli’qlardi’n’ tekstlerindegi ju’da’ ha’m joqarg’i’ ra’n’-ba’ra’n’likler menen leksikasi’ bay bolg’an sayi’n baylani’s kommunikaciyalari’ni’n’ quramali’qlari’na ali’p keledi. Ma’selen u’shinshi klass qaraqalpaq tili sabaqli’g’i’ni’n’ tekstlerinde gezlesken to’mendegi qatardi’ keltirip wo’teyik:

1.Birimizdi qaldi’rmay
Ni’pqi’rt yetip alman’lar.
2.Kanal burqasi’nlap ag’i’p tur.
3.Qundi’zday ji’lti’rar ju’ni
Sonday suli’w do’ner tu’rli
Bi’yqi’ldasi’p biri-biri
Shaqi’radi’ go’jeklerin.
4.A’ttegen-ay avtobustan sa’l g’ana keshigip qali’ppan-aw!
5.A’ttegen-ay, senin’ tapsi’rman’ yesimnen shi’g’i’p ketipti-aw!
6. Jap boyi’nda terekler ko’k-ko’mbek boli’p tur.
7.Qi’s wo’tip ko’k-ko’n’bek ba’ha’r keldi.

Joqari’dag’i’ ko’rsertilgen mi’sallardi’n’ asti’ si’zi’lg’an so’z formalari’ u’shinshi klass woqi’wshi’lari’ ta’repinen qi’yi’n wo’zlestiretug’i’nli’g’i’ bayqaldi’. A’lbette bunday jag’dayda wolardi’ almasatug’i’n basqa so’z yamasa so’z formalardi’ izlestiriwimiz maqsetke i’layi’q boli’p yesaplanadi’.

A’dette bunday tu’rdegi qi’yi’n wo’zlestiretug’i’n so’z yamasa so’z formalari’ si’nali’p ati’rg’an tekstlerde siyrek gezlesetug’i’n leksikali’q qatlamlari’nan wori’n alg’an. Wolay bolatug’i’n bolsa u’shinshi klass qaraqalpaq tili sabaqli’g’i’ tekstlerindegi siyrek gezlesetug’i’n so’z formalari’ni’n’ kvantitativlik wo’lshemlerin ani’qlaw za’ru’r.

Bul woqi’wli’q tekstleri boyi’nsha du’zilgen alfavitlik jiyilik so’zligi arqali’ jiyiligi birge ten’ bolg’an 3646 so’z formasi’, al jiyiligi yekige ten’ bolg’an 550 so’z formasi’ni’n’ bar yekenligi ani’qlandi’. A’dette kvantitativlik lingvistikada jiyiligi birge ha’m yekige ten’ bolg’an so’z yamasa so’z formalari’na siyrek

gezlesetug'i'n leksikali'q birlikler dep ataydi'. Wolay bolsa u'shinshi klass qaraqalpaq tili sabaqli'g'i'ni'n' paydalani'lg'an siyrek leksikali'q birliklerinin' sani' 4196 g'a ten'. Wolay bolsa siyrek gezlesetug'i'n leksikali'q birlikler woqi'wli'qti'n' 78,62%-in quraydi' yeken.

## 2.5.Baslawi'sh bilimlendiriw sabaqli'qlari' tekstlerindegi so'z formalari'ni'n' statistikali'q qaplani'w wo'zgeshelikleri.

Menshikli alfavitli so'zlikler tiykari'nda (1-10), (1-50), (1-100), (1-500), (1-1000) intervali'ndag'i' yen' aktiv so'z formalari'ni'n' statistikali'q qaplani'w ayri'qshali'qlari' analizlenedi. Bul wo'lshemler ha'r qi'yli' janrlar boyi'nsha kvantitativlik- tipologiyali'q analizlerdi beriwde qollani'ladi'. Bul intervallardi'n' ba'rshesinde yen' aktiv so'z formalari' u'shinshi klass matematika sabaqli'qlari'ni'n' tekstlerindegi menshikli jiyilikli so'zliklerinde wori'n alg'an. Al so'z formalari'ni'n' statistikali'q qaplani'w aktivligi u'shinshi klass qaraqalpaq tili sabaqli'g'i'ni'n' tekstleri iyelegen. Bunday tu'rdegi aktivliktin' u'shinshi worni'n u'shinshi klass ta'biyattani'w sabaqli'g'i'ni'n' tekstlerinde wori'n alg'an.

Ha'r qanday janrlardag'i', tekstlerdegi wori'n alg'an leksikali'q birliklerdin' statistikali'q qaplani'w wo'zgeshelikleri kvantitativlik- tipologiyali'q izertlewlerde ken' qollani'ladi'. Bunday tu'rdegi aktiv leksikali'q- statistikali'q qaplani'w wo'zgesheliklerge iye boli'wlari' da u'shinshi klass qaraqalpaq tili, u'shinshi klass matematika ha'm u'shinshi klass ta'biyattani'w sabaqli'g'i' tekstleri menen woqi'wshi'lar ja'ma'a'ti arasi'ndag'i' wo'z-ara baylani's kommunikaciyalari'nda da wo'zgesheliklerdin' ju'zege keletug'i'nli'qlari'na tiykar bola aladi' desek boladi'.

## Tablica-2

## Yen’ aktiv so’z formalari’ni’n’ statistikali’q qaplani’w wo’zgeshelikleri.

| **Sabaqli’qlar** | **N** | **L c/f** | **1-10** | **1-50** | **1-100** |
|---|---|---|---|---|---|
| **u’shinshi klass qaraqalpaq tili sabaqli’g’i’** | 15520 | 5337 | 8,86 | 22,09 | 36,87 |
| **u’shinshi klass matematika sabaqli’g’i’** | 22899 | 3668 | 11,17 | 29,39 | 40,77 |
| **u’shinshi klass ta’biyattani’w sabaqli’g’i’** | 17758 | 6221 | 6,06 | 16,48 | 23,48 |

## 2.6.U’shinshi klass sabaqli’qlari’ tekstlerindegi sali’sti’rmali’ jiyilikler.

Ha’r qi’yli’ janrlardag’i’ qollani’lg’an leksikali’q birliklerdin’ Sali’sti’rmali’ jiyiliklerin ani’qlaw kvantitativlik tipologiyali’q izertlewlerde ken’ qollani’ladi’. Wol to’mendegi formula arqali’ ani’qlanadi’:

$$f_i = \frac{F_i}{N} \quad (1)$$

Bul formulada N izertlenip ati’rg’an tekstlerdi so’z qollani’li’slar ko’lemi, $F_i$ belgili so’z yamasa so’z formalari’ni’n’ jiyiligi, al $f_i$ solardi’n’ sali’sti’rmali’ jiyiligi boli’p yesaplanadi’.

U’shinshi tablicada u’shinshi klass qaraqalpaq tili, u’shinshi klass matematika sabaqli’g’i’, u’shinshi klass ta’biyattani’w sabaqli’qlari’ tekstlerinin’ Sali’sti’rmali’ jiyilikleri berilgen.

Itimalli’qlar teoriyasi’ ha’m matematikali’q statistika iliminde tosi’nnanli’q waqiyalardi’n’ klassikali’q ani’qlamasi’ to’mendegi formula arqali yesaplanadi’.

$$\mathbf{P(A) = \frac{m}{n} \quad (2)}$$

Bul formulada n, A waqiyasi’ni’n’ ju’zege asi’w ha’m ju’zege aspaw mu’mkinshilikler sani’, m, A waqiyasi’ni’n’ ju’zege asi’w mu’mkinshilikler sani’,P(A), A waqiyasi’ni’n’ ju’zege asi’w itimalli’g’i’ boli’p yesaplanadi’.

# Tablica-3

**U’shinshi klass sabaqali’qlari’ tekstlerindegi so’z formalari’ni’n’ sali’sti’rmali’ jiyilikleri.**

| Sabaqli’qlardi’n’ tu’rleri | N | $F_i$ | $f_i$ |
|---|---|---|---|
| U’shinshi klass qaraqalpaq tili sabaqli’g’i’ | 15520 | 5337 | 0,34388 |
| U’shinshi klass matematika sabaqli’g’i’ | 22899 | 3668 | 0,1602 |
| U’shinshi klass ta’biyattani’w sabaqli’g’i’ | 17758 | 6221 | 0,3503 |

Bunday tu’rdegi tosi’nanli’q waqi’yalardi’n’ itimalli’qlari’n yesaplawdag’i’ klassikali’ formulani’n’ ilimiy texnikali’q tarawlardag’i’ qollani’w mu’mkinshilikleri sheklengen boladi’. Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi usi’ni’li’p woti’rg’an klassikali’q ani’qlamani’n’ formula tek g’ana tosi’nanli’q waqi’yalardi’n’ ju’zege asi’w jag’daylari’, wolardi’n’ simmetriyali’q qa’siyetlerine qarap qollani’ladi’. Al turmi’si’mi’zdag’i’ ju’zege asi’p ati’rg’an ba’rshe waqi’yalar simmetriya ni’zami’na boysi’na bermeydi. Ma’selen qaysi’ bir janrdag’i’ ha’r bir so’z yamasa so’z formalari’ni’n’ payda boli’w mu’mkinshilikleri uli’wma birdey yemes. Basqasha so’z benen aytqanda wolar simmetriya ni’zami’na uli’wma boysi’nbaydi’. Sol sebepli lingvistikada kvantitativlik izertlewlerde (1)- formula ken’ tu’rde paydalani’ladi’.

Usi’ (1) formula arqali’ yesaplang’an sali’sti’rmali’ jiyiliklerdin’ mug’dari’, u’shinshi klass qaraqalpaq tili menen u’shinshi klass ta’biyattani’w sabaqli’qlari’ni’n’ tekstleri menen ju’da’ ha’m jaqi’n yekenliklerin ko’remiz. Al u’shinshi klass matematika sabaqli’g’i’ni’n’ tekstlerindegi wori’n alg’an sali’sti’rmali’ jiyiliktin’ mu’g’dari’ joqari’dag’i’ ati’ atalg’an sabaqli’qlardi’n’ tekstlerinen a’dewir kem yekenliklerin ko’remiz. (3-tablica)

Demek u’shinshi klass qaraqalpaq tili, u’shinshi klass ta’biyattani’w sabaqli’g’i’ menen woqi’wshi’lar arasi’ndag’i’ baylani’s kommunikaciyalari’ bir-birlerine ju’da’ ha’m jaqi’n bolsa, al wolardi’n’ u’shinshi klass matematika sabaqli’qlari’na qarag’anda a’dewir uzaq bolatug’i’nli’qlari’na isenim payda boladi’.

## 2.7.U’shinshi klass matematika sabaqli’g’i’ndag’i’ tekstlerde so’z shaqaplari’ni’n’ qollani’w wo’zgeshelikleri.

Wo’tken temada u’shinshi klass qaraqalpaq tili, ha’m u’shinshi klass ta’biyattani’w sabaqli’qlari’ndag’i’ tekstlerde wori’n alg’an kvantitativlik wo’lshemlerdin’ u’shinshi klass matematika sabaqli’qlari’nan keskin pari’qqa iye bolatu’g’i’nli’qlari’n atap wo’tken edik. Sol sebepli a’yne u’shinshi klass matematika sabaqli’g’i’ tekstlerinin’ kvantitativlik wo’lshemlerin keltirip shi’g’arayi’q. Bul sabaqli’qti’n’ tekstlerindegi so’z shaqaplari’ni’n’ qollani’w wo’zgesheliklerine na’zer salar yekenbiz, wonda so’z formalari’ni’n’ belsendiligi boyi’nsha birinshi wori’nda atli’q turatug’i’nli’g’i’n ko’remiz. (tablica- 4). Wol

ba’rshe qollani’lga’n so’z shaqaplari’ni’n’ ishinde 61,25% in quraydi’ yeken. Yekinshi wori’nda feyil – 15,93%, u’shinshi wori’nda bolsa kelbetlik – feyildin’ iyeleytug’i’nli’qlari’n ko’remiz.

Wonnan keyin bolsa kelbetlik – 4,79 %, sanli’q – 2,75 %, almasi’q -2,45 %, ra’wish-1,86%, adam atlari’-1,21 %, ko’mekshi so’z-1,09 % ha’m modal so’z 0,37 % -in quraydi’ yeken.

**U’shinshi klass matematika sabaqlari’ndag’i’ tekstlerde so’z shaqaplari’ni’n’ qollani’w wo’zgeshelikleri. Tablica-4**

| So’z shaqaplari’ | So’z formalar sani’ | Procenti |
|---|---|---|
| Atli’q | 1672 | 61,25 |
| Almasi’q | 67 | 2,45 |
| Feyil | 435 | 15,93 |
| Ra’wish | 51 | 1,86 |
| Kelbetlik | 131 | 4,79 |
| Ko’mekshi so’z | 30 | 1,09 |

| | | |
|---|---|---|
| Modal so'z | 10 | 0,37 |
| Adam atlari' | 33 | 1,21 |
| Sanli'q | 75 | 2,75 |
| Kelbetlik-feyil | 226 | 8,3 |
| Uli'wma | 2730 | 100 |

## 2.8.U'shinshi klass matematika sabaqli'g'i' tekstlerindegi so'z formalari'ni'n' jiyilikleri ha'm procenti.

Bul sabaqli'qti'n' tekstlerindegi wori'n alg'an so'z formalari'ni'n' qollani'w jiyilikleri qatlamlari' ishinen birinshi gezekte siyrek gezlesetug'i'n leksikali'q birlikler ko'zge taslanadi'. Siyrek gezlesetug'i'n leksikali'q birlikler qatari'nda qollani'li'w jiyilikleri birge ha'm yekige ten' bolg'anlarg'a ayti'ladi'.

U'shinshi klass matematika sabaqli'g'i' tekstlerindegi siyrek gezlesetug'i'n so'z formalar 62,81 %-in qurag'an. Bunday tu'rdegi procentylik ko'rsetkish worta da'rmiyan tu'rdegi wori'n alg'an kvantitativlik mug'dar boli'p yesaplanadi'.

Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi tu’rli janrlardag’i’ qollani’lg’an siyrek gezlesetug’i’n leksikali’ birlikler 80 % ke jaqi’n yamasa wonnan joqari’ boli’p keledi.

Wonnan keyingi rang boyi’nsha jaylasqansiyrek gezlesetug’i’n so’z formalar, yag’ni’y jiyilikleri F=3-4 ke  bolg’anlardi’ qosa yesaplag’anda 14,09 % jiyilikleri F=5-9 lardi’ qosa yesaplag’anda 11,17 % jiyilikleri F=10 ha’m wonnan arti’q bolg’anlar 11,32 % in quraydi’ yeken.

Sabaqli’qlar tekstlerindegi siyrek gezlesetug’i’n leksikali’q birlikler qatlami’ kvantitativlik tipologiyada u’lken a’hmiyetke iye. Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi woqi’wshi’lar ja’ma’a’ti ta’repinen qabi’l yetiliw mu’mkinshilikleri sheklengen leksikali’q birlikler a’yne usi’ qatlamda jaylasi’wlari’ menen ti’g’i’z baylani’sli’ boladi’.

**Tablica-5**

**U’shinshi klass matematika sabaqli’g’i’ tekstlerindegi so’z formalari’ni’n’ jiyilikleri ha’m procenti.**

| **So’z formalari’ni’n’ jiyilikleri** | **Jiyiliklerge sa’ykes so’z formalar sani’** | **Procenti** |
|---|---|---|
| F=1 | 1222 | 44,76 |
| F=2 | 493 | 18,05 |

| | | |
|---|---|---|
| F=3-4 | 401 | 14,09 |
| F=5-9 | 305 | 11,17 |
| F=10 ha'm wonnan arti'q | 309 | 11,32 |
| Uli'wma | 2730 | 100 |

# III BAB

## U'shinshi klass sabaqli'qlari'n jetilistiriwdin' bazi' bir ma'seleleri.

### 3.0.Da'slepki yeskertiwler.

Ana tili pa'ni boyi'nsha ma'mleketlik standarti'nda yesitiw, seziw, ko'riw, woylaw qa'biletlerin ken'eytiwge , wolarda yerkin pikirley ali'w, basaqalardi'n' pikirlerin an'law, wo'z pikirin awi'zeki ha'm jazba tu'rde erkin bayan yete ali'w, wo'zin qorshag'an adamlar menen yerkin qari'm-qatnasta boli'w konlikpelerin rawajlandi'ri'wg'a xi'zmet yetedi-dep baslanadi'.

Woqi’wshi’lardi’n’ ana tilinen bilim beriw tarawi’ boyi’nsha alg’an bilim da’rejesine qoyi’latug’i’n minimal talaplar atap wo’tiledi, wolar ishinde:

Woqi’w texnikasi’, basqalardi’n’ pikirin ha’m teksttin’ mazmuni’n an’law, qabi’l yetiw da’rejesi. Wo’z pikirin jazba tu’rde bayan yete ali’w qa’bileti.

Woqi’w texnikasi’ balani’n’ teksstti woqi’w processinde jazba islerde qollani’latug’i’n irkilis belgilerin duri’s tani’p qollana ali’w uqi’bi’n ha’m so’ylep beriw qabiletin belgileydi. Bul arqali’ woqi’wshi’ni’n’ tani’s yemes bolg’an tekstti woqi’w tezligi, yag’ni’y minuti’na neshe belgi woqi’y ali’w ko’rsetkishi, ta’sirli woqi’w ko’nlikpesi ani’qlanadi’. Klasstan klassqa wo’tiw menen birge bul wo’lshem mug’dari’ da arti’p bara beredi ha’m wol balani’n’ jasi’na. tekstti woqi’w talaplari’na sa’ykes ali’p bari’ladi’.

Bul wo’lshemnin’ ko’rsetkishleri ha’r bir woqi’wshi’ bir minutta neshe so’z woqi’y aladi’, basqa adamlardi’n’ pikirin ha’m tekst mazmuni’n qalay an’laydi’ ja’ne wolardi’ awi’z yeki qalay ayti’p beredi degen ma’selelerdi ani’qlawdan ken’ qollani’ladi’.

Pikirdi jazba tu’rde bayan yetiw qa’bileti quramali’ process boli’p, bunda ana tilinen bilim beriwdin’ tiykarg’i’ maqseti teren’lesedi ha’m woqi’wshi’ ta’repinen do’retilgen jazba tekste iske asadi’. Bul boyi’nsha bilimlendiriw na’tiyjesin bahalawda mug’allim ta’repinen tiyisli ma’selelerdi ani’qlaydi’ h.t.b.

-pikirdin’ logikali’q izbe-izligi,

-pikir yetetug’i’n tema mazmuni’ni’n’ quramali’li’g’i’ (a’piwayi’li’li’g’i’, quramali’ bo’lekleri, ji’ynaqli’li’g’i’, ani’qli’li’g’i’ ha’m t.b.)

-bayanlang’an jazba jumi’si’ni’n’ temag’a sa’ykesliligi ha’m jazba jumi’sti’n bahasi’,

-jazba jumi’sta tildin’ ko’rkemlew qurallari’nan paydalani’w da’rejesi,

-imla qa’delerin duri’s qollana biliw.

Baslawi’sh bilim beriwde ana tilinen beriletug’i’n bilim ko’lemi tiykari’nan tomendegilerdi wo’z ishine aladi’:

1.So’ylew seslerin ( dawi’sli’ ha’m dawi’ssi’z sesler ja’ne wolardi’n’ tu’rleri) biliwi.

2. Buwi'n ja'ne woni'n' tu'rlerin wo'zlestiriw.

3. So'z ha'm ma'nilik tu'rlerin (so'z ma'nileri, ko'p ma'nili so'zler, ma'niles so'zler, qarsi'las ma'nili so'zler, diolektlik so'zler ka'sbiy so''zler, tu'birles so'zler) biliwi.

4. So'zdin' quri'li'si'na qaray tu'rlerin (tu'bir so'z, tiykar , qosi'mta, jalg'aw, suffiks, so'z do'retiwshi suffiksler, so'z wo'zgertiwshi suffiksler) wo'zlestiriw.

5. So'z shaqaplari'n (zatti' bildiretug'i'n so'zler, zatti'n' tu'r-tu'sin bildiretug'i'n so'zler, san mug'dari'n bildiretug'i'n so'zler) wo'zlestiriw.

6. Betlik almasi'qlari'n biliw.

7. Janapay, da'nekerlerdi biliw.

8. Ga'p ha'm woni'n' tu'rleri (xabar g'ap, soraw g'ap, u'ndew ga'p, jay ha'm qospa ga'p) wo'zlestiriwi.

9. Ga'p ag'zalari'n (bas ag'zalar: baslawi'sh ha'm bayanlawi'sh, yekinshi da'rejeli ag'zalar: ani'qlawi'sh, toli'qlawi'sh, ha'm pi'si'qlawi'sh, ga'ptin' birgelikli ag'zalari') biliwi.

10. Irkilis belgilerin duri's qoyi'w qa'delerin (noqat, u'tir, soraw ha'm u'ndew belgileri) wo'zlerinde boldi'ri'wi'.

11. Tekstti (quri'li'si', mazmuni', temasi', kirisiw bo'limi, diolog, monolog, bayanlaw, kishigirim shi'g'arma jaza ali'w, awi'z yeki so'ylew) wo'zlestirgen boli'wi'.

12. Xat, xabar, qutli'qlaw, maqala, miratnama jaza ali'w uqi'bi'n wo'zlerinde qa'liplestirgen boli'wi'.

Bul talaplardi'n' derlik basi'm ko'pshiligi u'shinshi klass qaraqalpaq tili sabaqli'g'i'nda a'melge asi'ri'ladi'. Ko'rip turg'ani'mi'zday standart ko'rsetkishleri jeterlishe joqari' talaplarg'a juwap beriwshi u'shinshi klass qaraqalpaq tili sabaqli'g'i'ni'n' da mazmuni' ha'm du'zilisi joqari' da'rejede wori'nlani'wi' talap yetiledi.

## 3.1.Milliy da’stu’rdin’ strategiyali’q bag’darlari’ haqqi’ndag’i’ bazi’ bir ma’seleler.

O’zbekistan respublikasi’ kadrlar tayarlawdi’n’ milliy da’stu’rinde ilim ha’m islep shi’g’ari’w arasi’nda puxta wo’z-ara birge islesiw ha’m wo’z ara paydali’ integraciyani’n’ joqli’g’i’, kadrlar tayarlawdi’n’ ha’zirgi ku’ndegi turmi’si’mi’zda wo’ri’n alg’an iri kemshiliklerdin’ biri yekenligi si’pati’nda ko’rsetiledi. Soni’n’ ushi’nda usi’ da’stu’rdin’ maqseti ha’m wazi’ypalari’ni’n’ biri si’pati’nda ta’lim, ilim ha’m islep shi’g’ari’w tabi’sli’ integraciyalani’wi’n ta’miyinlew, tayarlani’p ati’rg’an kadrlardi’n’ mu’g’dari’ ha’m woni’n’ sapasi’n ma’mlekettin’ ha’zirgi ku’ndegi talaplari’na juwap beretug’i’n, soni’n’ menen birgelikte ma’mlekette

yemes uyi’mlar, ka’rxanalar ha’m sho’lkemlerdin’ buyi’rtpalari’na say keletug’i’n mexanizimlerin islep shi’g’i’w ma’selelerin wortag’a qoyadi’.

Haqi’yqati’nda da yegerde yeski ken’es da’wirinin’ xali’q bilimlendiriw sistemasi’ni’n’ tozi’wi’ jetip, da’wir talaplari’na uli’wma juwap bermey qalg’anli’g’i’ sol da’wirdin’ wo’zinde-aq belgili boli’p qalga’n yedi.

Wo’tken a’sirdin’ toqsani’nshi’ ji’llari’na kelip, O’zbekstanda quramali’ demografiyali’q jag’day ju’zege kelgen yedi. Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi O’zbekstan xalqi’ni’n’ sani’ 20 millionnan asa baslag’an da’wirge kelip u’lgergen yedi. Bul wori’nda xali’qti’ ne menen bag’i’w kerek, pitkeriwshi jaslardi’ jumi’s penen qalayi’nsha ta’miynlew kerek degen mashqala a’lle qashan ju’zege kelip u’lgergen yedi.

Buri’n’g’i’ awqamdag’i’ O’zbekstan respublikasi’ boyi’nsha ha’r ji’li’ 300 mi’n’g’a jaqi’n jaslar worta mektepti pitkerip, joqari’ woqi’w wori’nlari’na kiriw ushi’n imtixan tapsi’ratug’i’n yedi. Tilekke qarsi’ bul abiturentlerdin’ tek g’ana 10%-in g’ana joqari’ woqi’w wori’nlari’ qabi’l yetiw imkaniyatlari’na iye bolg’an. Al 90%- bolsa joqari’ woqi’w wori’nlari’na kiriw mu’mkinshiliklerine iye bolmag’an. Yendi usi’nday statistikali’q mag’li’wmatlardi’ dawam yetetug’i’n bolsaq, wonda, joqari’ woqi’w wori’nlari’na bir ji’lda 30 mi’n’ al kire almaytug’i’nlardi’n’ sani’ 270 mi’n’ pitkeriwshi boladi’ yeken.

Joqari’dag’i’ atap wo’tilgen ko’rsetkishler ha’r ji’li’ ji’ynali’p baradi’. Atap aytqanda aradan 10 ji’l wo’tkennen keyin pitkeriwshilerdin’ sani’ 3million al jigirma ji’l wo’tkennen keyin bolsa, 6 millionga’ deyin jetip u’lgeredi yeken.

Yendi son’g’i’ 6 million pitkeriwshinin’ ta’g’dirin analizlep ko’reyik. 20 ji’lda 600 mi’n’ pitkeriwshi joqarg’i’ woqi’w wori’nlari’na kirip, woqi’p ha’m pitkergennen keyin jumi’s worni’na jaylasi’p wo’z ka’sibi menen shug’i’llanadi’. Wolar 20 ji’lda uli’wma pitkeriwshilerinin’ 10% in quraydi’.

Yendi joqarg’i’ woqi’w wori’nlari’na kire almag’an 90% pitkeriwshiler 20 ji’l ishinde 5 400 000 di’ quraydi’ yeken. Bul pitkeriwshiler ya woqi’w yamasa belgili ka’sip iyesi bolmag’anli’qlari’ jumi’ssi’zlar armiyasi’n quraydi’ yeken.

Sol sebepli O’ zbekstanda qabi’l yetilgen kadrlardi’ tayarlawdi’n’ milliy da’stu’rinde ma’jbu’riy 9+3 tipindegi woqi’w sistemasi’ bilimlendiriw dizimine kiritildi. Buni’n’ tiykarg’i’ mazmuni’nda, jaslar balag’at jasi’na jetemen degenshe yeger joqari’ woqi’w worni’na kire almasa wonday jag’dayda wolar belgili bir ka’sip iyesin iyelep u’lgeriwleri ha’m turmi’sqa tayar turi’wi’ za’ru’rlikleri menen baylani’sli’ boldi’. Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi 9+3 woqi’w dizimi wori’nlani’p boli’ng’annan keyin jaslar shan’araq quri’w jasi’na keledi yeken.

Jan’a shan’raq ushi’n birinshi gezekte kvartira kerek. Al kvartirani’n’ ishin tolti’ri’w ushi’n ishine tu’rli-tu’rli turmi’s xi’zmerlerine za’ru’r bolg’an buyi’mlar menen tolti’ri’w za’ru’r. Soni’n’ menen birge ha’r qi’yli’ kommunal to’lemlerdi to’lew kerek yekenligi ko’rinip tur. Buni’n’ ushi’n jas shan’araqlarg’a aqsha kerek. Aqsha bolsa ko’shede shashi’li’p jatqan joq. Woni’ jumi’s islep tabi’w kerek. Buni’n’ ushi’n birinshi gezekte jumi’sqa wornalasi’w za’ru’r. Al jumi’sqa wornalasi’w ushi’n belgili bir ka’sip iyesi boli’wlari’ kerek. Belgili bir ka’sip iyesi boli’wlari’ ushi’n woqi’w kerek. Mine soni’n’ ushi’n ma’mleketimizde tu’rli ka’sip iyelerin tayarlaytug’i’n ka’sip-wo’ner kolledjleri ashi’li’p, bilimlendiriw tarawi’nda 9+3 sistemasi’ kirip woti’r. Yag’ni’y bul sistemada 9 worta arnawli’ mektepler bolsa, al ka’sip wo’ner kolledjleri boli’p yesaplanadi’.

Kadrlar tayarlawdi’n’ milliy modelinin’ quram bo’legine shaxs, ma’mleket ha’m ja’miyet, u’zliksiz ta’lim, islep shi’g’ari’w siyaqli’ tiykarg’i’ bo’limlerine jaslardi’ ilimge bag’darlaw ma’selesi de ken’ wo’ri’n alg’an.Wonda joqari’ mamanli’ qa’nigelerdi tayarlawshi’ ha’m wolardi’n’ paydalani’wshi’, aldi’n’g’i’ qatardag’i’ pedagogikali’q ha’m axborot texnologiyalari’n islep shi’g’i’wshi’ milliy modeli si’pati’nda ko’rsetiledi.

Joqari’dag’i’ atap wo’tilgen 9+3 woqi’w sistemasi’ boyi’nsha ka’sipke bag’darlaw ma’seleleri menen baylani’sli’ tu’rde u’shinshi klass sabaqli’qlari’na arnawli’ temalardi’ du’ziw maqsetke muwapi’q boli’p yesaplanadi’ bunday temalar arqali’ ha’r bir woqi’wshi’ni’n’ belgili bir ka’sip iyesi boli’p shi’g’i’wlari’na bag’darlang’an maqset ha’m wazi’ypalardi’ sin’dirip bari’w-

ha’zirgi bilimlendiriw sistemasi’nda wori’n alg’an a’hmiyetli wazi’ypalardi’n’ biri boli’p qalmaqta.

## 3.2.Zamanago’y woqi’ti’w texnologiyalari’ talaplari’na say jan’a a’wlad sabaqli’qlari’n du’ziw ma’seleleri.

Tariyxta hesh bir texnologiya, bir a’sirden yekinshi a’sirge ko’ship woti’rmag’an. Ha’r qanday texnologiyani’n’, wo’mir su’riw da’wiri bar. Birewi won ji’l, yekinshisi 20 ji’l, ayi’ri’mlar 30-40 ji’l wo’mir su’rip, xali’qqa xi’zmet ko’rsetken. Biraq da’wirdin’ ha’m turmi’si’mi’zdi’n’ talabi’na muwapi’q ta’lim sistemasi’na degen talap ku’sheyip woti’radi’. Na’tiyjede yeski texnologiyani’n’ paydalani’w wo’risi tarayi’p, a’ste aqi’ri’n talapqa juwap bermegenligi sebepli,

saxnadan shi’g’adi’. Wolay bolsa ha’zirgi zaman ta’lim tizimine juwap beretug’i’n pedagogikali’q texnologiyalardi’ jarati’wi’mi’z za’ru’r boladi’.

A’lbette jan’a pedagogikali’q texnologiyani’n’ jarati’li’wi’nda ha’m woni’n’ turmi’si’mi’zda paydalani’wdi’n’ da’slepki basqi’shi’ndabo’getler ha’m qarama-qarsi’li’qlardi’n’ boli’wi’ so’zsiz. Mine usi’ qarama-qarsi’li’qlar ishindegi, yag’ni’y jan’a texnologiyani’n’ ju’zege keliwine irkinish jasaytug’i’n faktorlardi’n’ biri – bul ji’llar dawmi’nda bir texnologiyag’a u’yrenisip qali’w na’tiyjesinde ha’m jan’a metodlardi’ qabi’l yetiwdi qa’lemeytug’i’n, qa’liplesip qalg’an yeski steoretiplerden quti’il’w qi’yi’nshi’li’g’i’ boli’p tabi’ladi’.

Usi’ni’lg’an jan’a texnologiyani’ u’yreniw ha’m wog’an u’yrenisiw ju’da’ ha’m quramali’ha’m qi’yi’n process yekenligin umi’tpawi’mi’z krerek. Bul jerde I.Karimovti’n’ jan’a u’ydi qurmay turi’p go’nesin buzbawi’mi’z kerek degen so’zin de umi’tpawi’mi’z kerek a’lbette.

Jan’a pedagogikali’q texnologiyani’ woqi’w processine yendiriw da’wirinde payda boli’wi’ mu’mkin bolg’an bi’lg’asi’qlardi’ boldi’rmaw ushi’n, woni’ izbe-iz basqi’shpa-basqi’sh a’melge asi’ri’wi’mi’z kerek boladi’.

Aldi’n’g’i’ pedagogikali’q texnologiyag’a wo’tiwden aldi’n pedagog kadrlari’mi’zdi’n’ yeski sovet da’wirindegi jarati’lg’an texnologiyalardi’n’ go’nerip qalg’anli’g’i’n ha’m woni’n’ ha’zirgi ta’lim sistemasi’ni’n’talaplari’na juwap bermeytug’i’nli’g’i’ haqi’ndag’i’ ug’i’mdi’ qa’liplestiriwimiz ha’m wog’an isentiriwimiz za’ru’r. Sebebi jan’a aldi’n’g’i’ qatardag’i’ texnologiyani’ du’ziw ha’m woni’ turmi’sqa asi’ri’wi’mi’z ushi’n ko’p mi’n’li’q pedagog kadrlardan turatug’i’n armiyani’n’ qatnasatug’i’nli’g’i’n umi’tpawi’mi’z kerek. Yegerde ha’mme bul jumi’sqa belsene birigip qatnaspasa, a’lbette ta’lim sistemasi’ndag’i’ aldi’n’g’i’ qatar pedagogikali’q texnologiyani’ du’ziw ha’m turmi’sqa asi’ri’w mu’mkin bolmay qaladi’.

Jura Yuldashevti’n’ «Ja’ha’n a’debiyati’» jurnali’nda basi’p shi’g’ari’lg’an «ta’lim ha’m talap, mashqalalar, ta’jiriybe ha’m juwmaqlari’»-maqalasi’nda xali’q ta’limi ministrliginin’ wo’zbek tili ha’m a’debiyati’ ta’limin jetilistiriw haqqi’ndag’i’ ali’p bari’li’p ati’rg’an a’hmiyetli bag’darlari’n ko’rsetip wo’tedi.

Atap aytqanda jaqi’ng’a deyin mekteplerimizde ha’mme jarayanda mug’allim hu’kimdar yedi. Wol baladan tek g’ana wo’zim tu’singen na’rseni tu’sinip ali’wdi’ talap yeter yedi. «Menin’ aytqani’m aytqan, degenim degen - usi’lda is tuti’p, woqi’wshi’larda biyg’a’rez pikir ju’rgiziwge ko’rkem h’am ilimiy kitaplar u’stinde wo’zbetinshe islewge mu’mkinshilik berilmeytug’i’n yedi dep ko’rsetedi. Avtor bul pikirdi ja’nede to’mendegishe teren’lestiredi: Bu’gin talap tu’p tami’ri’nan wo’zgerdi. Ma’selen buri’nlari’ mug’allim balalardi’ woqi’tatug’i’n yedi ha’zir woqi’ti’wg’a u’yretiw za’ru’r. Bular basqa-basqa tu’silikler. Buri’nlari’ bala a’piwayi’ ti’n’lawshi’ bolsa, al yendi wol sabaqti’ sho’lkemlestiriwge qatnasi’wshi’: woqi’wshi’ wo’zi ali’wi’ jag’dayi’nda, yag’ni’y qosi’msha derekler, mag’li’wmatlar, xabarnamalar u’stinde islew, sol tiykarda na’tiyjeler shi’g’ari’wdi’ u’yreniwi kerek»-dep ko’rsetedi, (Yuldashev, 1998, 108-109 b.)

Joqari’dag’i’ ati’ atalg’an pikirlerdi uli’wmalasti’rar yekenbiz, wonda ja’miyetimizdegi boli’p ati’rg’an jan’alani’wlar ha’m wo’zgerisler woqi’wshi’lar ja’ma’a’tinin’ psixologiyasi’na u’zliksiz tu’rde ta’sir jasap woti’radi’ yeken, mine usi’nday ta’sirler na’tiyjesinde woqi’wshi’lar ja’ma’a’tinin’ psixologiyasi’nda belgili bir da’rejede wo’zgerip woti’radi’. Bizlerdin’ sociyalogiyali’q izertlewlerimizge qarag’anda ha’r to’rt ji’lda 10-15%, ha’r jigirma ji’lda 50-75% al qirq ji’lda bolsa100-150% ke wo’zgeredi yeken. Ju’zege kelgen bunday jag’day buri’n’g’i’ woqi’ti’w texnologiyalari’ni’n’ jaramsi’z boli’p qalg’anli’qlari’nan derek beredi.

Xali’q bilimlendiriw sistemasi’ndag’i’ woqi’ti’w texnologiyalari’n mudami’ jetilistirip bari’w a’hmiyetli wazi’ypalardi’n’ biri boli’p qalmaqta. Bul wori’nda woqi’wshi’lar ja’ma’a’tinin’ psixologiyasi’ni’n’ wo’zgerip bari’wlari’na baylani’sli’, wog’an say zamanag’o’y sabaqli’qlardi’ jetilistirip bari’wi’mi’z za’ru’r yekenlikleri turmi’si’mi’zdi’n’wo’zi ko’rsetip barmaqta.

## 3.3.Baslawi’sh klass sabaqli’qlari’ni’n’ tekstlerin izertlewlerdin’ kvantitativlik metodlari’.

Qaraqalpaq til bilimi boyi’nsha da’slepki tikkeley baqlaw metodlari’na tiykarlang’an izertlewler woti’zi’nshi’ ji’llarda baslang’anli’g’i’ haqqi’nda ko’rnekli tyurkologlardi’n’ izertlewlerinde ko’remiz (Baskakov, Nasirov h.t.b.) Bul metodlar qatari’nda tildi izertlewdin’ fonetikali’q, leksikali’q grammatikali’q, sali’sti’rmali’-tariyxi’y tarawlari’ wori’n ali’p, na’tiyjede qaraqalpaq til bilimi qa’liplesti.

Al jetpishinshi ji’llarda til bilimin izertlewdin’ jan’a texnologiyalari’ ju’zege kele basladi’. Atap aytqanda til biliminde matematikali’q, kvantitativlik modellestiriw metodlari’n rawajlandi’ri’w tek g’ana 80-ji’llarg’a sa’ykes keldi (Ayi’mbetov, Beketaev, Nasirov.)

A’lbette bul jumi’slar qaraqalpaq til biliminde 10ji’lday qolg’a ali’ndi’. Degen menenbul taraw qaraqalpaq til biliminde ji’ldan-ji’lg’a rawajlani’p, woni’n’ ken’eyiw wo’risi arqali’ wo’zinin’ salmaqli’ worni’n tyurkologiyada belgiledi.

Biraqta bul metodlar tiykari’nan alg’anda janrlardi’n’ tu’rli tarawlari’nda paydalani’li’p (epos, poeziya, gazeta, jurnal, roman), al baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n’ tekstlerin izertlewlerinde paydalani’lmadi’.

Mine til bilimindegi ha’zirgi zaman metodlari’ boli’p yesaplani’p kelgen, kvantitativlik ha’m matematikali’q modellestiriw metodlari’ ja’rdeminde baslawi’sh klass woqi’w kitaplari’ni’n’ tekstlerin izertlew arqali’ ana tilin woqi’ti’wdi’n’ jan’a pedagogikali’q texnologiyani’ yendiriw ha’zirgi xali’q ta’limindegi worayli’q wori’ndi’ iyelegen aktual mashqalalardi’n’ biri boli’p woti’r.

## 3.4.Janr wo’zgesheliklerin yesapqa ali’w ma’seleleri.

Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ nelerdi an’laydi’? Nelerdi an’lay almaydi’? degen sawalg’a usi’ ku’nge deyingi bilimlendiriw sistemasi’nda wori’n alg’an worayli’q ma’selelerdin’ biri boli’p qalmaqta. Bul ma’selenin’ yele wo’z sheshimin taba almay ati’rg’anli’qlari’ni’n’ tiykarg’i’ sebebi, sabaqli’qlarg’a saylani’li’p ati’rg’an materyallardi’n’ baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’na i’layi’q

bolmag’an janr wo’zgesheliklerin yesapqa almawshi’li’q wo’zgeshelikleri menen baylani’sli boli’p woti’r. Bunday tu’rdegi janr wo’zgesheliklerdi yesapqa alg’an halda, woqi’wshi’larg’a i’layi’qli’ bolg’an materiyallardi’ qaraqalpaq a’debiyati’ndag’i’ jarati’lg’an ko’plegen roman, epos, povest, ha’m poeziyadan tabi’w mu’mkinshiliklerine iye ekenligin atap wo’tiwimiz wori’nli’. Biraq bar materyallardi’ jas wo’spirimler ushi’n duri’s tan’lap ali’w joli’nda, biraz qa’telikler wori’n alg’an. So’zimizdin’ da’liyli si’pati’nda u’shinshi klass qaraqalpaq tili sabaqli’g’i’ni’n’ tekstlerinde ushi’rasqan bir qatar woqi’wshi’lar ta’repinen qi’yi’n wo’zlestiriletug’i’n so’z ha’m so’z formalari’ni’n’ dizimin keltiriw mu’mkin.

Yegerde qaraqalpaq a’debiyati’na na’zer salatug’i’n bolsaq, wolar ishinen ha’tte jarati’lg’an romanlardi’n’ wo’zinen de u’shinshi klass qaraqalpaq tili sabaqli’g’i’ ushi’n bay materyallardi’ tabi’w mu’mkin. Wolar ishinen atap wo’tetug’i’n bolsaq, wonda K. Sultanovti’n’ «Aq da’rya» romani’ni’n’ ishinen mi’naday tekstlerdi keltiriwimiz mu’mkin:

-Wol ku’nde yelatqa yeki tu’rli xat keletug’i’n yedi. Bir xat jaqsi’li’q xat. Wol xat qupi’ya yemes. Ha’mme yelatti’n’ qulag’i’n sali’p, ko’zin tigip ati’rg’an xati’, ag’ayi’n, ya tani’stan bolsi’n, a’ytewir xat kelse sol a’tiraptag’i’ kempir- g’arri’, bala-shag’a ji’ynali’si’p, qayta-qayta woqi’p shi’g’adi’. «Jawdi’ pa’len qalada quwdi’q, to’len awi’lda sulati’p qi’rdi’q»-dese, birinin’ kewili jadi’rap qaladi’. Bala atasi’nan, ata balasi’ni’n’, kelinshek kiyewinin’ tirligi menen yerligine ma’zi-mayram!

- Biraq tag’i’ bir xat bar. Wol xatti’ mi’na  xattay sarg’ayi’p ku’tip, sag’i’ni’p woqi’maydi’. Buni’ xali’q «Qara qag’az» deydi. «Qara qag’az» kelse bir ma’rttin’ woqtan ushi’p, qaza bolg’ani’. Xali’q, ju’regi qabari’p, qulpi’ri’p turg’an kewiller solar. Yel bul xatti’ ku’tpewdin’ ta’reptari’ (K.Sultanov. «Aq da’rya» Qaraqalpaqstan baspasi’, No’kis, 1975 10-11 betler).

Bunnan basqa usi’ romandag’i’ u’shinshi klass qaraqalpaq tili sabaqli’g’i’na arnalg’an to’mendegi teksti de mi’sal si’pati’nda kiritiwimiz mu’mkin:

-Nege tawlani’p qaldi’n’?-dep Jamila hayran qaldi’. «Nege tawlandi’…… muz i’g’i’p barati’rg’annan aman ba yeken!» Usi’nday qatti’ dawi’lda muz asti’ndag’i’

suwdi'n' shayqali'wi' menen awi'ldi'n' qaramag'i'nday muz tutas muzdan jari'li'p, ten'izdin' wortasi'ndag'i' qara suwg'a qaray bo'linip i'qqani'n u'stindegi adamlar sezbey qaladi'. Tek muzdi'n' asti'ndag'i' awdan biliwge boladi', sebebi aw tawlani'p shi'g'adi' dep g'arri' bali'qshi'lar a'n'gime yetip woti'rg'ani'n Jamilani'n' qulag'i' shalatug'i'n yedi. Sonday boli'p i'g'i'p barati'rg'ani'mi'z joq pa yeken? –dep janma jan awdi' suwi'ri'p aldi' da shanani' su'yretip, samaldi'n' wo'rine qaray juwi'rdi'. Qarsi' aldi'nan yesken samalg'a yentigip, ko'k muzda tabani' tayi'p, ju'risi wo'nbeydi. G'arri' adi'm mi'n' boli'p, bir-yeki ma'rtebe abani'p ji'g'i'ldi'. Dizesin ,alaqani'n muz qi'rshi'di', Biraq yet qi'zi'wi' menen woni' yelestirmey Jamiyla worni'nan ushi'p turi'p, tag'i'da alg'a qarap quyi'nday ushti'. Mine wol, bir jerde qalshi'yi'p qatti' da qaldi'.Qarsi' aldi'nan tigilip tur. Jag'ada buldi'rap bali'qshi'ni'n' qoslari' ko'rinedi. Aydi'n da at shanalar jawqi'ldap, zi'rlap, yersile-qarsi'la adamlar ju'r. Arti'na qaradi'. Bali'q toli' shanasi' qarawi'ti'p ko'rindi. To'mende qawi'nni'n' ju'zindey qaq ayi'ri'lg'an muzdi'n' jiyegi asi'li'p barati'r.

Bunnan basqa u'shinshi klass qaraqalpaq tili sabaqli'g'i' ushi'n qolayli' boli'p yesaplang'an To'lepbergen Qayi'pbergenovti'n' «Maman biy a'psanasi'» romani'nan to'mendegi tekstti keltiriwge boladi'.

-Eh aspanni'n' Abi'lqayi'ri'-dedi Maman tislenip, G'arg'a birden qashi'p bir qali'n' tu'birdin' asti'na ti'g'i'ldi'. Maman bug'an tu'sinbey birese qasqi'r keldime?-dep hawli'g'i'p, birese adam balasi' kiyati'rma? yeken dep wo'mirden da'melenip, kesirtkedey bas ko'terip yedi, to'besine ko'len'ke tu'sti. Aspang'a qarasa, bir bu'rkit shari'qlap ushi'p ju'r.

-A'h naysap - dep mi'yi'q tarti'p bu'k asti'nda mushtay boli'p turg'an g'arg'a qaradi'. Aspan patshasi'nan qori'qqan yekensen' g'oy. Qori'qpay ko'r. Sen Abi'lqay'irsan', al anaw bu'rkit-ulli' Petr I nin' qi'zi' patsha. Bu'rkit ko'rinbey ketti. Maman ja'ne alg'a ji'li'si'wi'n dawam yeti.

G'arg'a qali'n'li'qtan shi'g'a ha'kkelep kelip, wol irkilgen jerge murni'nan tamg'an qandi' shoqi'wg'a kiristi. Ko'p ji'li'si'wg'a hali' kelmey Maman ja'ne irkildi, ja'ne g'arg'a tamang'a qaradi'.

-A’y aspanni’n’ Abi’lxayi’ri’, qash! A’ne, to’ben’de aspan patshasi’ bu’rkit ja’ne payda boldi’. A’jelin’ sonnan.

-G’arg’a woni’ tu’singendey qos ayaqlap ha’kkelep, ja’ne bir qali’n’ bu’kti tawi’p, asti’na panaladi’. Maman aspang’a qarap, dawi’si’ni’n’ bari’nsha baqi’rdi’.

- A’y aspan patshasi’, wo’ri’s patshasi’, a’ne Abi’lxayi’r, a’ne bu’ktin’ asti’nda. Menin’ wo’limimdi tilep turi’pti’.

-Bu’rkit shari’qlap, ja’ne a’lle qayaqlarg’a ketip, kozden g’ayi’p boldi’. To’besindegi su’yenishinen ay’i’ri’lg’ani’na Mamanni’n’ kewli buzi’li’p, iyegi kemsen’ledi, biraq ko’zlerinen jas shi’qpadi’. Boyi’na ku’sh ji’ynap ja’ne alg’a ji’li’sti’.

Bir gezde qali’n’ shen’gellikler arasi’nan pi’ri’ldasi’p qi’rg’awi’llar ushi’p yedi, a’lle qaydan bag’anag’i’ bu’rkittin’ misli judi’ri’qtay tasqa aylani’p, sarqi’p kiyati’rg’ani’n ko’zi shalg’ani’ sol, soni’n’ arasi’nda, woni’n’ qayta aspang’a ko’terilip, ti’rnaqlari’na bu’rip barati’rg’an na’rsesi, anaday jerge tor yeti. Maman tez-tez solay qaray ji’li’sti’. Kelse, wottay qi’zi’l pa’rleri burqi’ldap, ata qoraz qi’rg’awi’l jati’r. wol aspang’a qaradi’. Bu’rkit hesh jerde ko’rinbedi.

-Raxmet, asapn patshasi’!... (T. Qayi’pbergenov. 1989. 210-211 b).

Ko’rip turg’ani’mi’zday joqari’dag’i’ berilgen tekstler u’zindisi boyi’nsha tan’lap ali’ng’an materiyallar bir ta’repten mazmuni’ boyi’nsha u’shinshi klass woqi’wshi’lari’ni’n’ qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n tartsa, al yekinshi ta’repten bolsa bul tekstlerdin’ u’zindilerinde wori’n alg’an so’z ha’m so’z formalari’ woqi’wshi’lar ushi’n qoni’mli’ boli’p yesaplanadi’.

## 3.5.Illyustrativlik ko'rinisler haqqi'nda.

Baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'ni'n' bilim ko'nlikpelerin qa'liplestiriwleri ha'm woni'n' ken'eyip bari'wlari' tiykari'nan alg'anda sabaqli'qta wori'n iyelegen illyustraciyali'q materiyallarg'a ti'g'i'z baylani'sli' boladi'. Illyustraciyali'q materiyallari' sapali' bolsa, baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' sonshelli joqari' da'rejedegi bilim ko'nlikpelerine iyelep woti'radi'. Bul wori'nda woqi'wshi'larg'a tani'sti'ri'li'p ati'rg'an ha'r bir jan'a obekt illyustraciyali'q materiyallar menen u'zliksiz tu'rde ta'miynlenip bari'wlari' tiyis. Yegerde woqi'wshi'larg'a tani'sti'rli'wi' tiyis bolg'an jan'a obekt illyustraciyasi' arqali' berilmese, wonday jag'dayda bul obekt woqi'wshi'lar ushi'n a'piwayi' bir akustikali'q signal boli'p

qaladi’. Yag’ni’y’ woqi’wshi’lar tani’sti’ri’li’p ati’rg’an obekt jo’ninde hesh qanday bilimge iye bolmay qaladi’.

Baslawi’sh bilimlendiriw sabaqli’qlari’ndag’i’ illyustraciyali’q materiyallar haqqi’ndag’i’ worayli’q ma’selelerdin’ biri si’pati’nda, ha’zirgi zaman ko’rinislerdi sa’wlelendiriwshilerden ibarat boli’p yesaplanadi’. Atap aytqanda ta’biyat, axborot- texnologiyalardi’n’ turmi’si’mi’zg’a yendiriliwi’, rekonstrukciyalang’an woqi’w imaratlari’, zamanago’y imaratlar menen ko’sheler qalaberse zamanago’y avtomobiller ha’m tag’i’da basqa tu’rdegi ko’rinislerdi sabaqli’qlarg’a kirgiziw za’ru’r.

Tillekke qarsi’ joqari’dag’i’ ati’ atalg’an ko’rinisler u’shinshi klass qaraqalpaq tili sabaqli’g’i’nda wori’n almag’an. Sol sebepli bunday tu’rdegi kemshiliklerdi saplasti’ri’w ha’m sabaqlardi’ ha’zirgi zaman talaplari’na juwap bere ali’wshi’ illyustraciyali’q materiyallar menen tamiyinlewimiz, jan’a a’wladtag’i’ sabaqli’qlardi’ jarati’w ma’selesindegi wo’z sheshimin ku’tip turg’an a’hmiyetli ma’selelerdin’ biri boli’p ati’r.

## Juwmaqlaw:

U’shinshi klass qaraqalpaq tili, u’shinshi klass matematika ha’m u’shinshi klass ta’biyattani’w sabaqli’qlari’ni’n’ tekstleri boyi’nsha ali’p bari’lg’an kvantitativlik izertlewler na’tiyjesinde, to’mendegi ilimiy jan’ali’qlardi’ ali’wg’a yerisedi:

-Baslawi’sh bilimlendiriw sabaqli’qlari’ndag’i’ baylani’s kommunikaciyalari’ni’n’ a’melge asi’ri’li’w wo’zgeshelikleri;

-U’shinshi klass sabaqli’qlari’ tekstlerinin’ kvantitativlik modelinin’ jarati’li’wlari’;

-Sabaqli’qlar tekstlerindegi ha’r bir so’z formalari’ni’n’ wortasha qaytalani’w jiyilikleri, statistikali’q qaplani’w wo’zgeshelikleri, sali’sti’rmali’ jiyilikler, so’z shaqaplari’ni’n’ qaplani’w mug’dari’ siyaqli’ kvantitativlik modelleri ani’qlandi’. Sabaqli’qlar menen woqi’wshi’lar ja’ma’a’ti arasi’ndag’i’ baylani’s kommunikaciyalari’ jarati’lmay turi’p, zamanago’y woqi’ti’w texnologiyalari’ talabi’na juwap beretug’i’n jan’a a’wlad sabaqli’qlari’ni’n’ do’rey almaytug’i’nli’qlari’ ma’lim boldi’.

Soni’n’ ushi’n da sabaqli’qtag’i’ qi’yi’n wo’zlestiretug’i’n so’zlerdi basqa leksikali’q birlikler menen almasti’ri’w za’ru’rligi tuwi’latug’i’nli’g’i’ so’zsiz. Usi’nday tu’rdegi kemshiliklerdi saplasti’ri’w arqali’ baslawi’sh ta’lim sabaqli’qlari’ni’n’ sapasi’n ko’teriwge boladi’.

Bunnan basqa du’zilgen alfavitlik-jiyilik so’zlikleri arqali’ woqi’wli’qtag’i’ orfografiyali’q, stilistikali’q ja’ne basqa da bir qatar texnikali’q kemshiliklerdi saplasti’ri’w imkaniyatlari’ tuwi’ldi’.

U’shinshi klass qaraqalpaq tili, u’shinshi klass matematika, u’shinshi klass ta’biyattani’w sabaqli’qlari’ tekstleri boyi’nsha kvantitativlik mag’li’wmatlar wo’z ara sali’sti’ri’wlari’ arqali’ bir qatar a’hmiyetli mag’li’wmatlar ali’ndi’ ha’m wolarg’a ha’r ta’repleme analizler jasaldi’.

Ju’rgizilgen kvantitativlik analizlerden juwmaqlardi’ shi’g’arg’an halda jan’a a’wlad sabaqli’qlari’n jetilistirip bari’w boyi’nsha jan’a usi’ni’slardi’ jarati’w mu’mkinshilikleri ju’zege keldi.

## A’debiyatlar:

1).I.A.Karimov. «O’zbekistan XXI asrga intilmoqda» Toshkent, O’zbekistan 2000, 30-bet.

2).I.A.Karimov. «Barkamol avlod orzusi» Toshkent «Sharq» 1999, 26-27 betler.

3).I.A.Karimov. «Barkamol avlod O’zbekstan taraqiyotining poydevori» Toshkent «Sharq» 1998, 5-I 46-47 betler.

4).Abdikarimov. B. ha’m basqalar. Termonologiyali’q so’zliklerdin’ kompyuterlik qori’ ja’ne woni’ paydalani’wdi’n’ keleshegi «Qazaq tilinin’ kompyuterlik qori’» Almati’, 1992, 9-12 betler.
5).Андрющенко В.М. Кончепция и архитектура машиного фонда русского языка. Москва: изд-во « Наука » с.4
6).Ayi’mbetov.M.K. Baslawi’sh bilimlendiriw sabaqli’qlari’ni’n’ kompyuterlik qori’n du’ziw ma’selesi haqqi’nda «Bilimlendiriwdin’ aktual ma’seleleri haqqi’nda» NMPI baspasi’, No’kis, 2005, 6-8 betler.
7).Ayi’mbetov.M.K. Tajbenova. S. Baslawi’sh bilimlendiriw sabaqli’qlari’n jetilistiriw ma’seleleri. O’z IAQB «XABARSHI’SI’» jurnali’ No’kis, 2004, N34 150-152 betler.
8).Ayi’mbetov.M.K. О шатсотном словаре каракалпакского языка, публицистики. 5-класс, Часть-1, изд-во ШПИ, 1980, стр 148.
9).Ayi’mbetov.M.K. U’lgeriwshiliktin’ to’menlep ketiwleri haqqi’ndag’i’ bazi’ bir ma’seleler «Bilim bulag’i’» jurnali’, 2012. №4. 18-19 betler.
10).Ayi’mbetov.M.K. о педагогическом мастерстве о даренных учителей журнал «Педагогические науки» Москва, 2013, №2 стр 24-25.
11).Ayi’mbetov.M.K. Mag’li’wmatlardi’n’ qa’liplesiw ha’m wolardi’n’ qabi’l yetiwleri haqqi’ndag’i’ bazi’ bir ma’seleler. «Bilim bulag’i’» jurnali’, 2013 №4 6-9-betler.
12).Ayi’mbetov.M.K. О современных методах обучения в системе народного образования. Тенденции и инновации современной науки.
13).Материалы XXII Международно научно- практической конференции, 26-февраля 2014 год город Краснодар стр.10. (С.Сайтбекова, Г. Байниязова).
14).Ayi’mbetov.M.K. Woqi’wshi’lar ja’ma’a’tinin’ ta’biyiy ha’m jasalma tillerdi wo’zlestiriw wo’zgeshelikleri «Ilim ha’m ja’miyet jurnali’», 2014-ji’l №1
15).Aldabergenov.K. Belbotaev.A. Статического исследования морфологической структуры иноязычных слов, вошедших в произведения.
16).М.Ауезова через русский языко 5-класс. Материалы семинара

«Статистическая оптимизация преподования языков и инженерная лингвистика» Чимкент I, изд-во ШПИ, 1980,стр. 149.
17).Ari'sbaev. A. ha'm basqalar. Terminologiyali'q so'zliklerdin' kompyuterler qori' ja'ne woni' paydalani'wdi'n'' keleshegi. «Qazaq tilinin' kompyuterlik qori'» Almati', 1999, 8-12 betler.
18).Ахабаев. А.А. Бектаев. К.В. единицы текста и их характеристики. (Tekst birlikleri ja'ne wolardi'n' si'pattamalari'). 5-klass.
Статистика казакского текста Алма-Ата, 1973, стр 23-49.
19).Бектаев. К.В. Питровски Р.Г. Математические методи в языкознании, Ш.II, математическая статистика и моделирование текста. Учебное пособие, Алма-Ата, Изд. КазГУ, 1974. 312-стр.
20).Бектаев. К.В. Питровски Р.Г Проблеми автоматической переработки текста лингвистических аспектов искусственного интеллекта, их роль в создании нормативных грамматик тюркских языков. Вопросы советской тюркологии. Тезиси докладов и соовшении. Ашхабад. 1985, стр. 47-48.
21).Венвенист Е. Общая лингвистика. Перевод с французского. Под редакцией, с вступителной статей I комментарием Ю.С. Степанова. М. Прогресс, 1974, стр. 447.
22).Boshlang'ich talim, 1999, 6 noyabr- dekabr.
23).Вандер Варден. В. Математическая статика. Перевод с немецкого. М. изд-во иностранной литературе 1960, стр. 434.

24).Винтман и др. построение словарной стати в целях компьютерного обучения 5-класс. «Проблеме компьютеризатсии процесса предования иностранных Уляновск» 1986. стр. 17.
25).Ершов. А.Р. человек и машина. М. знание. 1985.
26).Jo'raev. R. Vaqt-hayol kabi uchqur. Boshlang'ich talim jurnali, Noshkent, №3, 2002, 5-6 betlar.

27).Зеленишков. А.В. и др. языковие игри на компьютере. 5-класс. статистисческая оптимизация языков и компьютеризация обучения. Минск. 1990, част-II, изд-во ШПИ, стр. 90.
28).Kadrlar tayarlawdi'n' milliy bag'darlamasi'. No'kis, qaraqalpaqstan, 2000, 22-betler.
29).Лесохин. М.М. Лукуаненков. К.Ф. Пиотровский. Р.П. Введение в математический лингвистики. Лингвистическое прилодение основ математики. Минск. Науки и техника. 1982. стр. 263.
30).Махмудов. М.А. Пиотровская А.А. Садиков. Т. Система машинного анализа и синтеза тюркского словоформи- 5-класс.Переработка текста методами инженерной лингвистики-5класс. Тезиси докладов конференции Минск. 1982. стр.49-50.
31).Методи автоматического анализа и синтеза текста. (Пиотровский. Р.П. и др). Минск. Высшая школа. 1985. стр. 222.
32).Молдабеков. К.М. Квантитативная динамика формиравания грамматической системи младших школников. 5-класс. Материялы семинара. Статистисческая оптимизация преродавания языков и компьютеризации обучения. Минск. 1990. част-II. Изд-во ШПИ. Стр.62.
33).Молдабеков.К.М. Частотний словар казахского детской литературе 5-класс. Материяли семинара. Статистисческая оптимизации преподавания языков и инженерная лингвистика. Чимкент. Част-I. Изд-во ШПИ. 1980. стр. 265.
34).Молдабеков. К.М. Велсов. А.Н. Улжабаева. М.У. Кенжеева. И. Рахимбеков. Д. лингвистическое исследование динамики овогошения словара младших школники 5-класс. Материяли семинара «Статистисческая оптимизация преподования языков и компьютеризация обучения». Минск. 1990. Част-II . изд-во ШПИ. Стр. 64.
35).Насиров. Д.С. Становление каракалпакского обшенародного разговорного языка и его диалектная система.Нукус. Казан. Каракалпакстан. 1976. стр. 398.

36).Пиотровский. Р.Г. Бектаев. К.Б. Пиотровская. А.А. математическая лингвистика учебное пособие для пединститутов.М. Высшая школа 1977. стр. 383.
37).Садыков. Т. Моделиривание киргизской морфологии. Афтореф. Дис… кандидат фил. Наук. Л. 1982. стр. 16.
38).Safarova. R. ha’m basqalar. O’zbekstan respublikasida umumiy o’rta ta’lim strategiyasi muommalari va talim mazmunining yangi modellari, ularni tadbiq, etish yo’llari. O’zbekstan respublikasi fanlar akademiyasi «FAN» nashriyati/ Tashkent-2005. 81-102 betlar.
39).Семенов.А.Л. Толковий терминологический словар как база знании. 5-класс. «Статистисческая оптимизация преподования языков и компьютеризация обучения». Минск. 1990. Част-II. Изд-во ШПИ стр. 68.
40).Педагогика профессионального образования. Под ред. В.А. Сластенина. М. Академия. 2004.
41).Питюков. В.Ю. Основи педагогической технологии.-М. Гном-Пресс. 1999.
42).Подласий. И.П. педагогика. Новый курс. 5-2 кн- М. гуманитарний изд. Сентр. Владос. 1999. кн. 1—576с. Кн.2.
43).Поляков. С.Д. В поисках педагогической инноватики. М. 1993.
44).Петрявская. Л.Г. Непрернвное образование как условие преоделения кризисов профессионалного развития учителя. Автореф. Дисс. Канд. Пед. Наук. –СП. 1994.
45).Скаткин. М.Н. Методология и методика педагогических исследовании. М. 1986.

46).Слатенин. В.А. Тамарин. В.Е. методологическая култура учителя Советская пед. 1990.
47).Слатенин. В. А. формирование професионалной культура учителя. М.1999.

48).Телегина. Е.Д.  Преобразование мислителной деятелности человеке в условях перехода к риночним социальнойнестабилности. Под ред. В.А. Сосновского. М. 1994.
49).Тумалев. В.В. учителство в ситуации социално-политических перемен Ч.3. Инновационны потенциал современного учителя. СП. Б. 1995.
50).Учитель крупнам планом. Социално- педагогический проблеми учительской деятелности. Под.ред. С.Г. Вершловского.-А. 1991.

http://lib.km.ru/
http://zionet.uz/
http://pedagog.uz/
http://edu.uz/
www.google.com.

A'jiniyaz ati'ndag'i' No'kis ma'mleketlik pedagogikali'q instituti', «Baslawi'sh ta'lim metodikasi'» kafedrasi' magistranti' Ixlasov Islam Userbaevichtin' «**U'shinshi klass sabaqli'qlari'  tekstlerinin' baylani's kommunikatsiyalari'n jetilistiriw ma'seleleri**» atamasi'ndag'i'

5A141602-«Baslawi’sh ta’lim» magistr bilim da’rejesin ali’w ushi’n wori’nlang’an MAGISTRLIK DISSERTATSIYASINA

**RASMIY APPONENT RETSENZIYASI’**

G’a’rezsizlik ji’llari’nda O’zbekistan Respublikasi’nda a’melge asi’ri’lg’an bilimlendiriw tarawi’ndag’i’ islenip ati’rg’an ila’jlar tek g’ana bir maqset - ha’r ta’repleme rawajlang’an shaxs ha’m joqari’ klassifikatsiyali’ kadr ta’rbiyasi’ ha’m woni’ tayarlawg’a bag’darlang’an boli’p, bul iygilikli maqsettin’ toli’q a’melge asi’ri’li’wi’ u’zliksiz ta’lim sistemasi’n jan’adan sho’lkemlestiriw, woni’n’ mazmuni’n ja’miyetlik talaplarg’a muwapi’q iske asi’ri’w arqali’ ta’miyinlenedi.

Ta’rbiyani’n’ basli’ maqsetlerinin’ biri, keleshekte ha’r bir shaxsti’ «men degen shet elli ka’siplesleri menen ba’sekige tu’se alatug’i’n» wo’z ka’sibinin’ mamani’ yetip jetilistiriw ushi’n wolarda bay ilimiy bilimler ha’m wolardi’ a’meliy qollana biliw uqi’p ko’nlikpelerin qa’liplestiriw rawajlandi’ri’w, yerkin do’retiwshilik miynet tu’rlerin a’meliyatta qollana biliw ta’jiriybelerin bayi’ti’wdan ibarat. Bunday iygilikli maqsetlerge yerisiwde baslawi’sh ta’limnin’ worni’ girewli.

Biz ha’r ta’repleme rawajlang’an pazi’l, ka’mil insan ta’rbiyasi’n ha’m qa’len’ wo’z mamanli’g’i’, qa’len’ siyasatta, qa’len’ ekonomikada qullasi’ qa’legen tarawda shet yelli ka’siplesleri menen ba’sekige tu’se alatug’i’n kadrlar tayarlawdi’ maqset yetkenbiz. Bul wazi’ypalardi’n’ wori’nlani’wi’ ta’lim-ta’rbiyani’n’ sapasi’ ha’m woni’n’ na’tiyjesinin’ qanday boli’wi’ menen tikkeley baylani’sli’. Bul ma’selede UOBBM woqi’wli’q kitaplari’, soni’n’ ishinde, baslawi’sh klasslar woqi’wshi’lari’ni’n’ du’n’ya tu’siniklerin (ko’z qaraslari’n) qa’liplestiriwshi ana tili, matematika ha’m ta’biyattani’w sabaqli’qlari’ a’hmiyetli, ani’g’i’raq aytqanda, tiykarg’i’ wori’ndi’ tutadi’.

Baslawi’sh klass sabaqli’qlari’ni’n’ tekstleri boyi’nsha baylani’s kommunikaciyalari’ni’n’ jag’daylari’na ani’qli’qlar menen du’zetiwdi kiritiw arqali’ woni’ jetilistirip bari’w bilimlendiriw turmi’si’nda – ken’ mashstabta (ma’mleket, bilimlendiriw jumi’slari’ menen baylani’sli’ ha’r qi’yli’ tarawlar ara, bilimlendiriw mekemesi shen’berinde) ha’m belgili jo’nelislerde

(sho'lkemlestiriwshilik, du'zilisi, mazmuni', metodikali'q resurslar) wo'z sheshimin taba alatug'i'n ko'p wazi'ypali', quramali' lekin, sheshimi tabi'li'wi' za'ru'r mashqala. Dissertatsiya izertlew jumi'si' usi'nday aktual mashqalag'a bag'i'shlang'anli'g'i' menen wog'ada a'hmiyetli.

**Dissertatsiya jumi'si'** bilimlendiriw turmi'si'nda wori'n alg'an baslawi'sh klass sabaqli'qlari'ni'n' tekstleri boyi'nsha baylani's kommunikaciyalari'ni'n' jag'daylari'na ani'qli'qlar menen du'zetiwdi kiritiw arqali' woni' jetilistirip bari'w za'ru'rligi menen baylani'sli' aktual mashqalag'a bag'i'shlang'an. Buni'n' tiykarg'i' sebebi, balalardi'n yerten'gi ku'nde jaqsi' wo'zlestiriwi sa'tli iske asi'wi' ushi'n woqi'wshi'lar ja'ma'a'ti menen sabaqli'qlardi'n' tekstleri arasi'ndag'i' baylani's kommunikaciyalari'n zaman talaplari'na muwapi'q jetilistiriw kerek ha'm bul jumi'slar za'ru'rlik yekenligi menen baylani'sli'. Al sa'tli tu'rdegi baylani'si'wshi' kommunikaciyalardi' a'melge asi'ri'wlari' ushi'n da'slep jan'a a'wladtag'i' sabaqli'qlar tekstlerinin' informaciyali'q bazalari'n jarati'wi'mi'z arqali' woni' jetilistirip bari'wi'mi'z za'ru'rliginin' sebepleri birinshi bapti'n kirisiw bo'liminin' «da'slepki yeskrtiwler»-inde keleshekte jan'a a'wlad sabaqli'qlari'ni'n' forma ha'm mazmuni' qanday da'rejede boladi'?, yamasa bul sabaqli'qlardi'n' ji'ldan ji'lg'a jetilisip, rawajlani'p bari'wi' qanday bag'darlarda barati'rg'ani'n tu'siniwimiz an'lawi'mi'z ha'm wog'an i'layi'qli' baha beriwimiz, ha'zirgi ku'ndegi wo'z sheshimin ku'tip woti'rg'an a'hmiyetli ma'selelerdin' biri – dep dissertant ha'zirgi zaman bilimlendiriw sistemasi'nda tez pa't penen boli'p ati'rg'an pozitiv wo'zgerislerge baylani'sli' sabaqli'qlardi'n' mazuni', formasi'. a'meliy qollani'w qolayli'li'qlari' ma'selisinin' sheshimi tabi'li'wi' kerek yekenligine di'qqat awdaradi'.

Sondayaq usi' bolimdegi avtordi'n' «yegerde ali'mlari'mi'zdi'n' bergen boljawlari'na na'zer salatug'i'n bolsaq, wonda jaqi'n 30 yamasa 40 ji'ldan keyin kitap baspasi'ni'n' saplasti'ri'li'p, woni'n' worni'n kompyuterler basatug'i'nli'g'i'n yesaplasaq, wonda xali'q bilimlendiriw tarawi'nda da tradicion sabaqli'qlardi'n' worni'n toli'g'i' menen elektron sabaqli'qlar menen almasatug'i'nli'g'i' so'zsiz»-dep jazg'an qatarlari'n woqi'p woti'ri'p biz

disertantti'n' joqari'da keltirgen woylari' woni' usi' mashqalani' izertlewge iytermelegen (motivatsiya) yeken - degen pikirge keldik.

Shi'ni'nda da, woti'z yamasa qirq ji'dan keyin kitap baspasi'ni'n' saplasti'ri'li'p, woni'n' worni'na kompyuter texnologiyali'q sawatlandi'ri'w diziminin' ju'zege keliwleri haqi'ndag'i' boljawlari' wo'zini'n' tasti'yg'i'n tawi'p ati'r. Demek yerten'gi ku'ndegi jan'a a'wladtag'i' sabaqli'qlar elektron sabaqli'qlarg'a aylanatug'i'nli'g'i' so'zsiz. Bul wori'nda ha'zirgi ku'nde qollani'li'p ju'rgen jan'a a'wladtag'i' sabaqli'qlar menen yerten'gi ku'ndegi turmi'si'mi'zg'a yenip keletug'i'n sabaqli'qlarg'a izertlew beriwimiz, xali'q bilimlendiriw tarawi'nda wo'z sheshimin ku'tip turg'an worayli'q ma'sele yekenligine gu'man joq.

**Dissertatsiya** jumi'si' baslawi'sh klass ha'm basqa pa'n mug'allimleri ushi'n tayar woqi'w qollanbasi' xi'zmetin atqara aladi'. Jumi's baslawi'sh klass bilimlendiriw menen baylani'sli' ilimiy izertlew jumi'slari'n ali'p bari'p ati'rg'anlar, sabaqli'qlar jazi'w menen shug'i'llani'wshi' ilimpazlar, magistrler, pedagogikali'q ta'rbiya isi menen baylani'sli' barli'q xi'zmetkerler, bala tarbiyasi' menen ba'nt ha'r bir ata-ana ushi'n paydalani'w mu'mkin bahali' jumi's.

**Dissertatsiya jumi'si'** kirisiw worni'ndag'i' jumi'sti'n' uli'wma si'patlamasi', III-bap, 23 paragraf, juwmaqlaw ha'm paydalani'lg'an a'debiyatlar diziminen ibarat boli'p ha'r bir bapti'n' «da'slepki yeskrtiwler»inde usi' bapti'n' aktualli'g'i' ayti'ladi' ha'm maqset wazi'ypalari' belgilenedi. Paragraflarda bolsa qoyi'lgan wazi'palardi'n' sheshimi ilimiy tiykarli' tabi'lg'an.

Jumi'sti' wori'nlaw bari'si'nda avtor ha'r bir bapti'n' uli'wma mazmuni'n ashi'w usi' bapti'n' bo'limlerinde u'yreniletug'i'n ma'selelerdin' sheshimin tabi'w arqali' iske asi'ri'lg'an.

I. Ixlasov magistr akademiyali'q da'rejesin ali'w ushi'n usi'nday aktual mashqalani' tan'lag'an. Dissertatsiya menen tani'si'p shi'g'i'p dissertantti'n' bul mashqalani' teren' u'yrengeninin' gu'wasi' boldi'q. Jumi'sti'n' mazmuni'ndag'i' sistemali'li'q, izbe-izlik, uli'wmalasti'ri'li'w jollari' menen erisilgen juwmaq, dissertant wo'zinin' dissertatsiyali'q jumi'si'n wori'nlawg'a wog'ada

juwapkershilik penen qatnasqani'n ko'rsetedi. Jumi'sti' wori'nlaw bari'si'nda dissertant bilimlendiriw turmi'si'nda wori'n alg'an baslawi'sh klass sabaqli'qlari'ni'n' tekstleri boyi'nsha baylani's kommunikaciyalari'ni'n' jag'daylari'na ani'qli'qlar menen du'zetiwdi kiritiw arqali' woni' jetilistirip bari'w za'ru'rligi menen baylani'sli' aktual mashqalani'n' a'hmiyetin ashi'wg'a ha'reket etti, ha'm oni' ilimiy tiykarli' asha aldi'. Dissertatsiya ilimiy apparati', mazmuni'ni'n' sistemali' izbe-iz bayanlani'wi', ayti'lg'an pikir ha'm usi'ni'slardi'n' isenimliligi, paydalani'lg'an a'debiyatlar, dissertantti'n' sawatli'g'i'n ha'm bul mashqala menen wog'ada qi'zi'g'atug'i'nli'g'i'n ko'rsetedi. I.Ixlasov dissertatsiya jumi'si'n wori'nlaw bari'si'nda wo'z betinshe do'retiwshen'-izleniwshilik ko'nlikpelerin jaqsi' wo'zlestirip ilimiy jumi's islew si'rlari'n teren' u'yrengen.

Jumi'sti'n' ilimiy apparati', ayti'lg'an pikir, usi'ni'slar ha'm da'lilli juwmaqlar dissertant Ixlasov Islam Userbaevichtin' wo'zi tan'lag'an mashqalani' ken' ko'lemde, teren' biletug'i'ni'n, jumi'si'n wori'nlawg'a juwapkershilikli qatnasta bolg'ani'n, do'retiwshen', ilimiy-izleniwshilik jumi'slari'n jaqsi' u'yrengenin ko'rsetedi.

Jumi's joba boyi'nsha toli'q ha'm sawatli' jazi'p pitkerilgen usi'ni's, pikir ha'm juwmaqlarg'a iye.

Uli'wma aytqanda, Ixlasov Islamni'n' magistr akademiyali'q da'rejesin ali'w ushi'n jazg'an dissertatsiya jumi'si' maqsetlerine toli'q erisken. Magistr akademiyali'q da'rejesin ali'w ushi'n qoyi'latug'i'n MAK talaplari'na juwap beredi. Jumi'sti' qorg'awg'a toli'q usi'ni's yetiw, toli'q mu'mkin

## NO’KIS MA’MLEKETLIK PEDAGOGIKALI’Q INSTITUTI’

**Fakultet** – Magistratura:

**Dissertant** – Ixlasov Islam Userbaevich.

**Kafedra** – Baslawi’sh ta’lim metodikasi’

**Ilimiy basshı’** – Ayi’mbetov M.

**Dissertatsiya jumı’sı’ teması’** «U’shinshi klass sabaqli’qlari’ tekstlerinin’ baylani’s kommunikatsiyalari’n jetilistiriw ma’seleleri»

### AVTOR ANNOTATSIAYASI’.

Ta’rbiyanı’n’ baslı’ maqsetlerinin’ biri, keleshekte ha’r bir shaxstı’ «men degen shet yelli ka’siplesleri menen ba’sekige tu’se alatug`ı’n» wo’z ka’sibinin’ mamanı’ yetip jetilistiriw ushı’n wolarda bay ilimiy bilimler ha’m wolardi’ a’meliy qollana biliw uqi’p ko’nlikpelerin qa’liplestiriw rawajlandı’rı’w, yerkin do’retiwshilik miynet tu’rlerin a’meliyatta qollana biliw ta’jiriybelerin bayi’ti’wdan ibarat. Bunday iygilikli maqsetlerge yerisiwde baslawi’sh ta’limnin’ worni’ girewli.

**Tan’lag`an mashqalamı’zdı’n’ aktuallı’g’ı’** - Baslawi’sh klass sabaqli’qlari’ni’n’ tekstleri boyi’nsha baylani’s kommunikaciyalari’ni’n’ jag’daylari’na ani’qli’qlar menen du’zetiwdi kiritiw arqali’ woni’ jetilistirip bari’w bilimlendiriw turmi’si’nda wori’n alg’an aktual ma’sele boli’p qalmaqta. Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi u’lgeriwshiliktin’ yerten’gi ku’ndegi sa’tli tu’rdegi a’melge asi’ri’li’wi’ woqi’wshi’lar ja’ma’a’ti menen sabaqli’qlardi’n’ tekstleri arasi’ndag’i’ baylani’s kommunikaciyalari’ni’n’ qalay wornati’li’wi’ menen tikkeley baylni’sli’ boli’p tur. Al sa’tli tu’rdegi baylani’si’wshi’ kommunikaciyalardi’ a’melge asi’ri’w ushi’n da’slep jan’a a’wladtag’i’ sabaqli’qlar tekstlerinin’ informaciyali’q bazalari’n jarati’wi’mi’z arqali’ woni’ jetilistirip bari’wi’mi’z za’ru’r.

**Jumı'sı'mı'zdı'n' izertlew obekti -** u'shinshi klass qaraqalpaq tili, u'shinshi klass matematika, u'shinshi klass ta'biyattani'w sabaqli'qlari'ni'n' tekstleri lingvistikali'q obekt si'pati'nda qabi'l etildi.

**Izertlew predmeti** – kvantitativlik lingvistika ha'm baslawi'sh klasslarda ana tilin woqi'ti'w metodikasi' birgelesip, izertlew jumi'slari'.

**Izertlew jumı'sı'mı'zdı'n' metodologiyalı'q tiykarları' yetip:** - dialektikani'n' biliw teoriyasi', Prezidentimiz I. A. Karimovti'n' ta'lim - ta'rbiya, ha'm kadrlar haqqi'ndag'i' pikirleri, ulli' woyshi'llardi'n', ma'mleketimizdin', sonday – aq si'rt yelli pedagog ali'mlardi'n' bilimlendiriw sapasi'n jetilistiriw ha'm sabaqli'qlar du'ziwge qoyi'latug'i'n talaplar haqqi'ndag'i' pikirleri boyi'nsha ilimiy miynetleri ali'ndi'.

**Izertlewdin' maqseti ha'm wazı'ypaları'** – ha'zirgi zaman til bilimindegi kvantitativlik ha'm matematikali'q modellestiriw metodlari' ja'rdeminde 3-klass sabaqli'g'ni'n' tekstlerin bir tutas leksikali'q morfologiyali'q indeksaciya jasap, woni'n' alfavitlik jiyilik so'zligin du'ziw

**Izertlew jumi'si'mai'zdi'n' metodikasi' -** indoevropali'q tillerde ta'jiriybeden tabi'sli' wo'tip uli'wma til biliminde ta'n ali'ng'an, tu'rkiy tillerde paydalani'p til biliminde a'hmiyetli na'tiyjelerge yerisken - **tekstlerdi kvantitativlik analizlew**.

**Izertlew jumi'si'mai'zdi'n' jumi'si'mai'zdi'n' materiallari' - u'**shinshi klass ana tili, u'shinshi klass matematika, u'shinshi klass ta'biyattani'w sabaqli'qlari'ni'n' tekstleri.

**Jumı'sı'mı'zdı'n' ilimiy jan'alı'g'ı' - b**irinshi ma'rte u'shinshi klass ana tili, u'shinshi klass matematika, u'shinshi klass ta'biyattani'w sabaqli'qlari'ni'n' tekstleri tutas leksikali'q-morfologiyali'q tallawlari' a'melge asi'ri'ldi';

- bul tekstlerge tutas leksikali'q morfologiyali'q indeksaciya islendi.
- usi' tekstlerdin' jan'a standart leksikografiyali'q bag'darlamasi' tiykari'nda alfavitlik ta'rtiptegi so'zlik du'zildi;

**Izertlew jumı'sı'mı'zdı'n' a'meliy a'hmiyeti –** baslawi'sh bilimlendiriw sabaqli'qlari' menen woqi'wshi'lar ja'ma'a'ti arasi'ndag'i' baylani's kommunikaciyalari'n jetilistiriw arqali' u'lgeriwshiliklerdi joqari'lati'w:

-woqi'w processinin' sapasi'n jetilistiriwde

-woqi'ti'wdi'n' tiyimli metodlari'n jarati'wda

-jan'a a'wlad sabaqlari'n rawajlandi'ri'p bari'wda

- woqi'w so'zliklerin du'ziw siyaqli' jumi'slarda u'lken a'hmiyetke iye bola woti'ri'p, baslawi'sh bilimlendiriw sabaqli'qlari'ni'n' tekstlerin kvantitativlik modeller arqali' izertlew mu'mkinshiliklerin jaratti'.

**Jumı'sı'mı'z du'zilisi ha'm quramı'**: – dissertaciyamı'z kirisiw, usi' bo'limde jumi'sti'n' uli'wma si'patlamasi', III-bap, 6 paragraf, juwmaqlaw ha'm paydalanı'lg`an a'debiyatlar diziminen ibarat

**Bunday ilimiy – a'meliy bag`darda izleniw jumı'sları' bizge jumı'sı'mı'zdı'n' mazmunı'na muwapı'q to'mendegi pikir ha'm usı'nı'slar qa'liplestiriwge mu'mkinshilik jarattı':**

-birinshiden elektron sabaqli'qlarg'a tiykar sala alatug'i'n tekstlerdi jarati'w mu'mkinshilikleri a'melge asi'ri'ladi';

- yekinshiden, u'shinshi klass qaraqalpaq tili u'shinshi klass matematika sabaqli'g'i', u'shinshi klass ta'biyattani'w sabaqli'g'i' tekstlerinin' kvantitativlik modeli jarati'ldi';

-u'shinshiden izertlenilip ati'rg'an sabaqli'qlardi'n' tekstlerine kvantitativlik analizlew jumi'slari' a'melge asi'ri'ldi';

-to'rtinshiden baslawi'sh bilimlendiriw sabaqli'qlari' menen woqi'wshi'lar ja'ma'a'ti arasi'ndag'i' baylani's kommunikaciyalari'n jetilistiriw boyi'nsha usi'ni'slar berildi.

**Jumi'si'mi'zdi'n' na'tiyje ha'm juwmaqlari'** da'wir talaplari'na juwap beriwshi jan'a a'wladtag'i' sabaqli'qlardi' jarati'w ha'm woni' u'zliksiz tu'rde jetilistirip bari'w, xali'q bilimlendiriw dizimindegi wori'nlang'an, kerek bolsa wo'z sheshimin ku'tip turg'an a'hmiyetli ma'selelerdin' biri, du'nya ju'zlik standartlarg'a toli'g'i' menen juwap beretug'i'n ha'zirgi bilimlendiriw

sabaqli’qlari’n du’ziw za’ru’rligin, A’sirese jigirma ji’ldan keyin ja’miyetshiligimiz elektron sabaqli’qlarg’a toli’g’i’ menen wo’tetug’i’nli’gi’na gu’mansi’zli’g’i’na baylani’sli’, elektron sabaqli’qlarg’a wo’tiwge tayarli’q jumi’slari’n baslaw is-ilajlari’ za’ru’rlik yekenligin ko’rsetti.